Хабзэхъумэ нэсым и фэеплъ

2-нэ нап.

Къалэнышхуэ ягъэзащIэ

3-нэ нап.

Щхьэлыкъуэ щыщщ IэпщIэлъапщIэр

3-нэ нап.

Псынабэдэсхэм я иджырей дерсхэр

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№138 (24.888) ● 2025 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 18, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

ИнтернеткIэ Iэ тевдзэ

КIуэ пэтми Iэмалыщlэхэр ди гъащIэм нэхъ кууущ къыхохьэ, ар псынщIэ икIи тынш къытщащIу. Мы куар-кодыр къэбгъэсэбэпу «Адыгэ псалъэм» Iэ щытебдзэ хъунущ дэнэ щIыпIэ ущыIэми: Сбер-онлайным уохьэри абы тыбогъапсэ. АдэкIэ ди газетыр къигъэлъэгъуэнурэ кIэщI дыдэу ущигъэгъуэзэнущ икIи къебгъэхьын папщIэ (уи унэм е ппэгъунэгъу пощтым) и лъабжьэм деж уи цIэ-унэцIэмрэ хэщIапIэмрэ иботхэри, уасэр абдежым щыбот. Дыфщогугъ адыгэбзэкIэ къыдэкI газет закъуэм адэкIи и ныбжьэгъу пэжу фыкъэнэну!

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

Джылахъстэнейхэм я ехъулIэныгъэхэр

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ Тэрч районым и администрацэм и унафэщI Хъущт Аслъэнбий.

ЗЭIУЩIАХЭР тепсэлъыхьащ районым 2025 гъэм зэлэжьа лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ я фIыгъэкIэ щызрагъэхъулIэфахэм, 2026 гъэм зэфIагъэкIыну къапэщылъхэми я гугъу ящIащ.

Лъэпкъ проектхэм я фIыгъэкIэ зэуэ объект зыбжанэ яутIыпщащ: языныкъуэхэр щIэуэ яухуащ, адрейхэр зэрахьащ. Абыхэм ящыщщ Тэрч дэт, еджакIуэ 800-м нэс зыщIэхуэ иджырей школыщIэ №5-р, сабии 100 зэкIуалIэ «Грация» художественнэ гимнастикэмкIэ школыр, ЩIалэгъуалэ центрыр.

Тэрч районым и Сымаджэщ нэхъыщхьэм сабийхэм папщIэ и къудамэр фокIадэм зэIузэпэщ ящIащ. А зэман дыдэм лэжьэн щIидзащ Дей къуажэм дэт амбулаторэщIэм.

Къалэр псэупIэ тынш щIыным хуэгъэпса лэжьыгъэхэм япкъ иткIэ, щIыпIитI зыхуей хуагъэзащ: Тэрч дэт «Школьная» жыг сатырым пхыкI лъэс лъагъуэмрэ Новая Балкария къуажэм и уэрам хадэ цIыкIумрэ.

Деймрэ Курп Ищхъэрэ къуажэмрэ кIуэцIрыкI гъуэгухэмрэ Курп Ипщэм, Курп Ищхъэрэм, Тэрч дэт школ №5-м я дэлъэдапIэхэмрэ зэIузэпэщ ящIащ, ахэр псори зэхэту километр 16,2-м нос.

Болэтей къуажэм екIуалIэ уэрам псы бжьамийхэу километр 21,7-рэ зи кIыхьагъыр илъэсыр имыух щIыкIэ зэрахъуэкIынущ.

Къэралым зэрызыкъащIигъакъуэм и фIыгъэкIэ, Тэрч районым и экономикэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуещI мэкъумэш къудамэм. 2025 гъэм къриубыдэу, мэкъумэш лэжьакIуэхэм субсидиерэ гранту сом мелуани 130-м щIигъу хуаутIыпщащ. Абыхэм я нэхъыбэр псы щIэгъэлъэдапIэхэм зегъэубгъуным, пхъэщхьэмыщхьэ къызыпыкIэ жыгхэр хасэным трагъэкIуэдащ. ЩIэгъэкъуэн ягъуэтащ кIэртIоф, хадэхэкI, гъавэхэкI хэзысэхэми, Iэщ зыгъэхъухэми, «агростартап» къэзыхьа фермерхэми.

«ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, Новая Балкария, Тамбовскэм дэт школхэмрэ Тэрч дэт школ №4-мрэ зэрахьэнущ. Абы хиубыдэнущ Тэрч дэт школ №3-м и сабий IыгъыпIэри. «Унагъуэ» лъэпкъ проектым хэту, Тэрч дэт библиотекэ нэхъыщхьэр зэрахьэнущ.

ПсэупIэ-коммунальнэ инфраструктурэм зегъэужьыным епха программэм ипкъ иткIэ, Курп екIуалIэ бжьамий зэрыIыгъхэм я насос станцыр зэрагъэпэщыжынущ, Инарыкъуей ирикIуэ уэрам псы бжьамийхэри зыхуей хуагъэзэнущ.

Зыужьыныгъэхэр щокIуэкI

КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ Май районым и администрацэм и унафэщI Саенкэ Татьянэ. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ мы гъэм щIыналъэм игъуэта социально-экономикэ зыужьыныгъэм, къэкIуэну илъэсым къапэщыт лэжьыгъэхэм.

2025 ГЪЭМ районым хьэрычэтыщIэ Iуэхур щефIэкIуащ. IуэхущIапIэ цIыкIуэхэмрэ курытхэмрэ я бжыгъэм процент 11-кIэ хэхъуащ. Бюджетым иIэ хэхъуэр процент 14,3-кIэ нэхъыбэ хъуащ. ЛэжьапIэ IэнатIэщIэу 300-м нэблагъэ къызэрагъэпэщащ.

Сом зы мелардым щIигъу зыхалъхьа инвестицэ проекту щы къызэIуахащ: псы зэмылIэужьыгъуэхэр къыщыщIагъэкI IуэхущIапIэрэ джэд щагъашхэ фермэрэ.

Социальнэ унэтIыныгъэми лэжьыгъэ пыухыкIахэр щокIуэкI. Александровскэ станицэм школыщIэ щаухуащ, Май къалэм дэт курыт еджапIэ №5-мрэ сабий садымрэ зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI, ЩIалэгъуалэ центр къызэIуахащ.

ЩIыналъэм псэупIэу щаухуэхэр процент 42,5-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Кхъахэ хъуа унэхэм къызэрыщIагъэIэпхъукI республикэ программэмкIэ къат куэду зэтет униплIым щыпсэу унагъуэ 36-рэ псэупIэкIэ къызэрагъэпэщащ.

«Къалэм тыншыпIэр къыщызэгъэпэщын» къэрал программэмкIэ Май къалэмрэ Октябрьскэ къуажэмрэ дэт щэнхабзэмкIэ унэхэм я гупэхэр зэIузэпэщ ящIащ.

ЕтIанэгъэ жылагъуэ щIыпIэхэр зэIузэпэщ ящащIынущ Май къалэмрэ Александровскэ станицэмрэ. Апхуэдэу къалэм тыншыпIэр къыщызэгъэпэщынымкIэ проектхэм я Х урысейпсо зэпеуэм щытекIуа, «Парк Заря г. Майского» пэхуэщIэр ягъэзэщIэнущ.

Къищынэмыщlауэ, я мурадщ егъэджэныгъэ IуэхущIапIэу 3 зэрагъэпэщыжыну – «Улыбка» сабий гъэсапIэр, Май къалэм дэт курыт школ №5-м и етIуанэ корпусыр, Котляревскэ станицэм и курыт еджапIэ №8-р.

ЦIыхухэм хуащI гулъытэ

Ди республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ IуащхьэмахуэщIыналъэм и администрацэм и пашэ Отаров Мыхьутар. Ахэр тепсэлъыхьащ дызэрыкI илъэсым районым игъуэта зыужьыныгъэм, къэкIуэну зэманым хуаIэ мурадхэмрэ къалэнхэмрэ, лъэпкъ проектхэмрэ федеральнэ программэхэмрэ щIыналъэм зэрыщагъэзащIэм, нэгъуэщIхэми.

ЗЭIУЩIЭМ зэрыщыжаIамкIэ, 2025 гъэм къриубыдэу Iуащхьэмахуэ щIыналъэм лэжьыгъэшхуэ щекIуэкIащ, гъащIэм и унэтIыныгъэ куэд къызэщIиубыдэу. Къапщтэмэ, Эльбрус къуажэм лэжьэн щыщIадзащ псыр зыгъэкъабзэ бжьамийхэм, Азау хуейм къыщыщIидзэрэ жылэм нэсу. Гундэлэн, ЛашкIуTIэ къуажэхэми псы зэрыкIуэ бжьамийхэр щызэрагъэпэщыжащ. Къинэмыщlауэ, Тырныауз къалэм и хьэблитIым, абы дэт курыт школымрэ сабий гъэсапIэ №6-мрэ къызэрагъэплъыр куэдкIэ нэхъыфI хъуащ, хуабагъыр къэзыт IуэхущIапIэм иджырей мардэхэм хуэкIуэ оборудованэхэр зэрыщIагъэувам и фIыгъэкIэ. Фэтэр куэд зыхэту къалэм дэт псэупIэ унэхэу пщIым я унащхьэхэр мы зэманым зэрахъуэкI.

ЩIыналъэм гулъытэ хэха щегъуэт абы къихъуэ щIэблэм. Апхуэдэу Гундэлэн жылэм щаублащ сабиищэ зэкIуалIэ хъуну гъэсапIэ екIум и ухуэныгъэр. Тырныауз къалэм дэт поликлиникэм, олимп резервымкIэ спорт еджапIэм, Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ зегъэужьынымкIэ центрым ухуэныгъэ-зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэшхуэхэр щокIуэкI. Апхуэдэ лэжьыгъэхэм хиубыдащ Эльбрус къуажэм дэт сабий садыр, Гундэлэн жылэм дэт амбулаторэр. Тырныауз къалэм и Эльбрусскэ уэрамышхуэм хыхьэ зекIуапIэ утыкушхуэр, лъэс лъагъуэхэр зэпэщ хъуным хуэгъэза Iуэхухэр и кIэм нэблэгъакIэщ.

Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэ Бахъсэн нейтриннэ обсерваторэм ухуэзышэ гъуэгур зэрагъэпэщыжащ, ЛашкIуTIэ жылэм кIуэцIрыкI автомобиль гъуэгухэм ящыщу километри 4,8-м щIигъури ягъэтэмэмыжакIэщ. Бгым нэхъапэIуэкIэ къехауэ щыта ятIагъуэпсым и лъэужьхэр щагъэкъэбзэжащ Тырныауз и уэрамхэм, абы хиубыдэ щIыпIэхэм. Жылэм екIуалIэу электрокъарурэ газрэ цIыхухэм яхуэзыхь IэнатIэхэми ныкъусаныгъэншэу лэжьэн щIадзэжащ. Герхожан-Суу псым щызэтрихьауэ щыта ятIагъуэпсыр зэрыкIуасэ ухуэныгъэр ягъэкъэбзэж.

ДызыхуэкIуэ илъэсым щIыналъэм лэжьыгъэ куэд щызэфIахыну я мурадщ. Абыхэм ящыщщ Тырныауз ухуэзышэ гъуэгу нэхъ кIэщIыр, Бахъсэныпсым телъ лъэмыжыр зэпэщ щIыныр. Сабийхэр макъамэм щыхурагъаджэ школыщIэм и ухуэныгъэри яублэнущ. Апхуэдэу Гундэлэн дэт хэкурыдж музейм зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэм щыщIадзэнущ. Гундэлэн, Былым, Тырныауз, Эльбрус жылэхэм щыIэ цIыху зэхуэсыпIэхэр, утыкухэр зэпэщ ящIынущ. Псы зэрыкIуэ бжьамийхэр зыхуей щыхуагъэзэжынущ Бедык къуажэм.

Къэралымрэ жылагъуэмрэ я зэпыщIэныгъэр зыгъэбыдэ

Илъэситхукlэ узэIэбэкIыжмэ, Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и жэрдэмкIэ ди къэралым, абы Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэри яхэту, къыщызэрагъэпэщащ щытащ ЩIыналъэм унафэр щызегъэкIуэнымкIэ центрхэр. Республикэм и апхуэдэ IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм захуигъэзащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

«ЦЕНТРХЭР уващ къэралымрэ жылагъуэмрэ я зэпыщIэныгъэр зыгъэбыдэ Iуэхуу икIи Iэмал къатащ щIыпIэхэм Iуэхухэр щыдэгъэкIынымкIэ лэжьыгъэр ефIэкIуэнымкIэ.

Нобэ КъБР-м и ЦУР-р Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI, псынщIэу икIи фIагъ хэлъу ди зэхуэдэ Iуэхум – ди цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным - хуэлажьэ гуп зэгъэуIуа хъуащ. Центрым иригъэкIуэкI къэпщытэныгъэ, зэпэлъытыныгъэ лэжьыгъэхэр сэбэп мэхъу IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщыкъуэкI гугъуехьхэм властым и гъэзэщIакIуэ органхэмрэ щIыпIэхэм унафэр щызехьэным пыщIахэмрэ нэхъ псынщIэу гу лъатэнымкIэ, щытыкIэр зыхуэдэр нэрылъагъуу ящIэнымкIэ икIи икIэщIыпIэкIэ зэпэлъытауэ абыхэм унафэ ятещIыхьынымкIэ

Зэрылажьэ илъэситхум къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩIыналъэм унафэр щызегъэкIуэнымкIэ и центрыр хэплъащ республикэм и цIыхухэм зэрызыхуагъэза Iуэху мини 130-м щIигъум. Абыхэм я нэхъыбэр теухуат псэупIэ-коммунальнэ Iуэхухэм, щIыпIэхэр зэIузэпэщ щIынымрэ жылагъуэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымрэ.

Центрым и лэжьакIуэхэм фIыщIэшхуэ зэрахуэсщIыр яжесIэну сыхуейщ, егугъуу, жэуаплыныгъэ яхэлъу я къалэнхэр зэрагъэзащIэм, я IэщIагъэм зэрыхуэIэзэмрэ гулыцI яIэу сыт хуэдэ Iуэхуми зэрыбгъэдыхьэмрэ папщIэ.

Узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэхэр фиIэну сынывохъуэхъу, дыщалъхуа республикэм исхэм яфI зыхэлъ Iуэхухэр адэкIи зэфIэвгъэкIыну си гуапэщ», - щыжеIэ КIуэкIуэ Казбек интернетым щиIэ напэкIуэцIым.

Прохладнэм щызэфIагъэкIхэр

Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ Прохладнэ къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэ Кожухов Кирилл икIи дызэрыт илъэсми къыкIэлъыкIуэхэми лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ а щIыпIэм зэрыщагъэзэщIэну щIыкIэхэм тепсэлъыхьащ.

ЗЭФIАГЪЭКIАХЭМ я гугъу пщIымэ, мыхьэнэшхуэ зиIэу щытащ курыт еджапIэхэу №№4-мрэ 2-мрэ къызыхуэтыншэу зэрызэрагъэпэщыжар. «Унагъуэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ ирагъэжьащ къалэм ЩэнхабзэмкIэ и унэр зэгъэпэщыжыныр. А лэжьыгъэхэр 2027 гъэм къриубыдэу яухыну траухуащ.

КъБР-м «Транспорт IэнатIэм зегъэужьын» и къэрал программэм хыхьэу мардэм къитIасэу зэрагъэпэщыжащ Первомайскэ уэрамым щыщ Iыхьэу километрих хъур, муниципалитетым и мылъкукIэ ирагъэкIуэкI уэрамхэр къэгъэнэхуным пыщIа лэжьыгъэхэр.

«ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ проектым и фIыгъэкIэ Прохладнэ къалэм къыщагъэщIэрэщIэжащ метр 400 хъу лъэс зекIуапIэр, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрамым тет унэхэм я пщIантIэр.

Зэхъуэкlыныгъэхэр щрагъэкIуэкIащ къалэ паркми: инвесторым зэрыгурыIуам тету, мыбдеж щагъэуващ аттракционыщIэхэр. Илъэс дызыхуэкIуэми а лэжьыгъэхэм пащэнущ.

«КъБР-м исхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщын, абыхэм коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэн» къэрал программэм хыхьэу йолэжь къалэр псыкIэ къызэзыгъэпэщ бжьамий нэхъыщхьэр зэхъуэкIыным. А лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIыну яубзыхуа километри 4,5-м щыщу ещIапхъэхэр щызэфIагъэкIакIэщ километри 2,3-м. Абыхэм къадэкIуэу, муниципалитетым и мылъкукIэ бжьамийхэр щызэрахъуэкIащ Бакинскэ, Остапенкэ и цIэр зезыхьэ, Пролетарскэ уэрамхэмрэ «Заречье» хьэблэмрэ. Администрацэм къищэхуат кIэнауэхэр зэратхьэщI машини, абыкIэ километритIым нэблагъэм елэжьащ икIи абы и фIыгъэкIэ сом мин 600 хуэдиз къыдагъэхуащ.

2026 гъэм ящIэну я мурадхэм ящыщщ псы кIуапIэ нэхъыщхьэр къэгъэщIэрэщIэжыным пыщIа лэжьыгъэхэр зэфIэгъэкIынымрэ Ищхъэрэ псы зэбгрытыкIыпIэр зэгъэпэщыжыным яужь ихьэнымрэ, курыт школ №3-р къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыныр, щIалэгъуалэ центр къызэIухыныр, Ипщэ паркымрэ ЗАГС-м къедза утыкумрэ зэIузэпэщ щIыныр, апхуэдуи къалэм щхьэщыкI гъуэгур зыхуей хуэгъэзэныр.

ХуэдитхукIэ нэхъ инынущ

Налшык и Александровкэ хьэблэм щаухуэ сабий поликлиникэщIэм лэжьыгъэхэр зэрыщекIуэкIыр КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зригъэлъэгъуащ.

НЭХЪАПЭКIЭ ар балигъхэм я поликлиникэм хэту щытауэ аращ, метр зэбгъузэнатIэу 103-рэ иубыду, абы къыхэкIыуи, а хьэблэм щыпсэу сабий 6629-м хуиту зыхуэныкъуэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэныр гугъут.

Ухуэныгъэщlэр япэрейм нэхърэ тхукIэ нэхъ инынущ икIи иджырей медицинэ IуэхущIапIэхэм я жыпхъэм тетынущ. Сабий поликлиникэщIэр абы щылажьэхэми къекIуалIэхэми я тыншыпIэм хуэщIауэ къызэрагъэпэщынущ. Дохутырхэр къыщоплъыну, къыщоIэзэну, нэгъуэщI Iуэхухэми хуэщIа пэшхэр щхьэхуэу щытынущ.

«ГъащIэ кIыхь икIи жыджэр» лъэпкъ проектым хыхьэу ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр 2026 гъэм и пэщIэдзэм яухыну я мурадщ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, мы районым щыIэ, Калининым и цIэр зезыхьэ уэрамым тет къалэ поликлиникэ №2-м и къудамэр нэгъабэ сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжащ. 1952 гъэм яухуа унэр иджы япэу къагъэщIэрэщIэжащ «Узыншагъэр хъумэн» лъэпкъ проектым и фIыгъэкIэ.

ИрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр Iэмалыфlщ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъым хэгъэхъуэнымкIэ, Александровкэ хьэблэм щыпсэухэм зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэр тыншу ягъуэтынымкIэ.

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зэIущIэм «Правительствэм хухах сыхьэтым» хыхьэу щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш IэнатIэм 2025 гъэм щызэфIагъэкIамрэ нэхъыщхьэу гу зылъытапхъэхэмрэ.

Мэкъумэшращ хэхъуэм и нэхъыбэр

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым, республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщI Егоровэ Татьянэ жиIащ щIыналъэм и экономикэр езыгъэфIакIуэхэм мэкъумэш IэнатIэр зэращыщыр. Абы щIыналъэр ерыскъыпхъэкIэ, цIыхухэр лэжьыгъэкIэ къызэрегъэпэщ.

- Ди унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ жыг хадэ гъэкIыныр, нартыху жылэм елэжьыныр, хадэхэкIхэр хъумэныр. ЗэрытщIэщи, мыIэрысэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и «бренд» хъуащ. Иужьрей илъэс зыбжанэм ди щIыналъэр япэ итщ пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэу игъэкIымкIэ. Абы къыхэкIыу республикэм пхъэщхьэмыщхьэ хъумапIэхэр щыухуэным пащэ. 2024 гъэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэшымкIэ ирикъуу езым зыкъызэрегъэпэщыжыф. Абы щыгъуэми, Урысейм и Президент Путин Владимир къыхигъэщащ, IэнатIэм зиужьын папщIэ, иджырей технологиехэр къэгъэIурыщIэн зэрыхуейр. Абы и лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэшхуэ иджыри къытпэщылъщ, - жиIащ Егоровэм.

КъБР-м мэкъумэш IэнатIэмкIэ и министр Сыжажэ Хьэсэн къыхигъэщащ бжьыхьэ губгъуэ лэжьэгъуэр республикэм и чэзум щыщIадзауэ зэрыщекIуэкIыр. Мы зэманым гъавэр Iуахыж, икIи АПК-м и управленэу районхэм щыIэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, тонн мин 985-рэ къытрахащ. ХадэхэкIыу мы зэманым тонн мин 350-рэ Iуахыжащ. КъызэрагъэлъагъуэмкIэ, ар куэдкIэ нэхъыбэщ нэгъабэрейм елъытауэ. Лэжьыгъэ псори зэфIагъэкIыну я мурадщ щэкIуэгъуэм и кIэ пщIондэ. Иджыпсту зэрыхуагъэфащэмкIэ, илъэсым и кIэм къаIэрыхьэнущ гъавэхэкIыу тонн 1200-рэ, сэхурану тонн мин 24-рэ, хадэхэкIыу тонн мин 465-рэ. КIэртIофыр мы гъэм процент 1,2-кIэ нэхъ мащIэщ.

ЗэIущIэм къыщыхагъэщащ, илъэс къэси хуэдэу, пхъэщхьэмыщхьэмрэ мэракIуэмрэ зэрыкуэдынур - ахэр тонн 1203-рэ хъунущ. Къэбгъэлъагъуэмэ, ар процентi 7,4-кIэ нэхъыбэщ, нэгъабэрейм нэхърэ. 2025 гъэм илъэс куэдкIэ къызыпыкIэ пхъэщхьэмыщхьэ жыг щыхасэнущ щIы гектар зы минрэ 800-м, абы щыщу щIы гектар 1250-м лэжьыгъэр щызэфIагъэкIащ.

ПсыщIэгъэлъадэм и гугъу щищIым, Сыжажэм жиIащ щIы гектар мини 4,7-рэ къызэрызэгъэпэщар. «2025 гъэм и кIэ пщIондэ ди мурадщ иджыри щIы гектар мини 2,5-м мынэхъ мащIэм псыщIэгъэлъадэхэр щыдгъэувыну», - къыхигъэщащ абы.

Ар тепсэлъыхьащ мэкъумэшыр уэм зэрыщахъумэ щIыкIэми. А Iуэхухэм 2025 гъэм хухахащ республикэ ахъшэу сом мелуан 40. Къэрал дэIэпыкъуныгъэм къыщытеувыIэм, министрым жиIащ дызэрыт илъэсым а Iуэхум хухэха бюджет ахъшэр зэрынэхъыбэр - сом меларди 4,2-рэ зэрыхъур. Ар къызыIэрыхьэнухэм иджыпстукIэ хуаутIыпщащ сом меларди 3,6-м щIигъу. Илъэсым и кIэ пщIондэ къэнэжахэри къагъэсэбэпынущ.

КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финас IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI АфэщIагъуэ Михаил жиIащ щIыналъэм и хэхъуэр нэхъыбэу зэлъытар мэкъумэшыр зэрыарар. Ар министрым еупщIащ республикэм къыщIигъэкI мэкъумэшымкIэ къэралым щиIыгъ увыпIэм. Сыжажэ Хьэсэн къыхигъэщащ илъэс етIуанэ хъуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым япэ увыпIэр мыIэрысэмкIэ зэриIыгъыр. «Нэгъабэ тонн мин 1,027-рэ къыпытчащ, мы гъэм тонн мин 1,103-рэ диIэну худогъэфащэ», - жиIащ абы.

Егоровэ Татьянэ жиIащ мыIэрысэм хуагъэув уасэм зэрыкIэлъыплъыпхъэр, республикэм ар нэхъ езэгъэрабгъуу щыщытын зэрыхуейр. Апхуэдэуи ар къытеувыIащ мы гъэм Прохладнэ районым мацIэ лIэужьыгъуэхэр къызэрыщахутам. Сыжажэм жиIащ абы и IуэхукIэ щIы гектар 560-м хущхъуэ зэрытракIар, шынагъуэ къызэрамыхьар.

КъБР-м и Парламентым Мэкъумэш IэнатIэмкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ, экологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунеймкIэ и комитетым и унафэщI ТекIушэ Артур жиIащ министертсвэм и лэжьыгъэм арэзы укъызэрищIыр.

* * *

ЗэIущIэм нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми щытепсэлъыхьащ. Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр щэкIуэгъуэм и 27-м ирагъэкIуэкIыну унафэ ящIащ.

Депутатхэр тепсэлъыхьащ «КъБР-м Зыхъумэжыныгъэм ехьэлIа и Iуэхухэр» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 5-мрэ «КъБР-м и ЩIы кодексым» и Iыхьэ 6-мрэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и Законхэм я проектхэм.

ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу IэнатIэмкIэ комитетым и унафэщI Къалмыкъ Марат къызэщIикъуэжащ «Ростелеком» АО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и Iуэхутхьэбзэхэр иригъэфIэкIуэным хуэгъэзауэ «комитетым и сыхьэтым» щагъэбелджыла пщэрылъхэр зэрагъэзэщIам.

Къищынэмыщlауэ, зэIущIэм щыжаIащ республикэм егъэджэныгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэхэм я лэжьакIуэ зыбжанэ КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъкIэ зэригъэлъэпIэнур.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

2026 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым щIидзащ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - абы Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 1130-рэ кIэпIейкIэ 82-рэ;

фэ езым пощтым къыщыфщтэжынумэ - сом 1032-рэ кIэпIейкIэ 18-рэ.

Ди индексыр П 5894

● ТекIуэныгъэм и илъэс

Зауэр къэзыхьа сэлэтхэр

ЦIыхубэм гуауэ куэд къыхуэзыхьа Хэку зауэшхуэр зылъэмыIэсауэ зы унагъуэ закъуи къэнакъым. Дзэлыкъуэ щIыналъэм хиубыдэ Къармэхьэблэ къапщтэмэ, а жылэм щыщу цIыху 800 зауэм дэкIащ, я лъахэр яхъумэжыну. Абыхэм ящыщ куэдым я псэр ятащ. Зи насып къекIэрэхъуэкIыу къэзыгъэзэжахэри щыIэщ. «Зауэр къэзыхьар генералхэркъым, атIэ сэлэт къызэрыгуэкIхэрщ», - жиIэгъащ СССР-м и Маршал Жуков Георгий. Къармэхьэблэ къуажэм дэт курыт школым адыгэбзэмрэ литературэмрэ илъэс куэд лъандэрэ щезыгъэдж, «Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфI ЛЫХЬ Людмилэ редакцэм къытхуигъэхьа и тхыгъэм зи гугъу щищIыр апхуэдэ сэлэт къызэрыгуэкIхэм ящыщщ.

«СОНЭ Ибрэхьим Хьэжмырзэ и къуэр 1907 гъэм Къармэхьэблэ къуажэм къыщалъхуат. Ар си гуащэ Лыхь СэIимэт и адэт. Хэку зауэшхуэр щыщIидзам, Ибрэхьим колхозым шыгузехуэу щылажьэрт. 1942 гъэм абы Хэкур ихъумэжыну кIуащ, и щхьэгъусэ Танзилрэ бынитхумрэ къигъанэри. Ди къуажэм щыщу и гъусат Лу Алхъо. Зауэм хэта куэдым ещхьу, Ибрэхьим и жагъуэт зыхэта гузэвэгъуэхэм тепсэлъыхьыжыну, абы упкърыупщIыхькIи мыхьэнэ иIэтэкъым, атIэми хъыбар мащIэ гуэр къедгъэIуэтэфырт.

Ибрэхьим жиIэжу зэрыщытамкIэ, урысыбзэ тэмэму зымыщIэ щIалэщIэхэр фронтым щыIухьа япэ зэманым гугъу ехьахэщ. ЩIыIэм идыкъыжауэ, Iэщэ-фащэкIи тэмэму къызэмыгъэпэщауи апхуэдэт. Зэман куэдкIэ дагъэбзыщIами, иджы ахэр жыпIэ хъуну хъуащ: сэлэтитI къэс зы фоч къалъысу апхуэдэт: фочыр зыIыгъыр яукIмэ, абы ейр къыплъысыну арат. Фоч дыдэ къызылъымысхэм пхъэ фоч яIыгът, фIыцIэу лауэ, нэмыцэр жыжьэу къаплъэмэ, псоми Iэщэ яIыгъыу къыфIагъэщIыну.

Зы Iуэхугъуэ жиIэжат Ибрэхьим. И ныбжьэгъу щIалэмрэ езымрэ зы сэлэт шыуан цIыкIум гъуэрыгъуэу хэIэбэурэ ишхыкIырт. Асыхьэтым нэмыцэ шэ фийр къэлъатэри, и ныбжьэгъум и нэ лъэныкъуэр кърихури, а тIур зэрышхыкI шыуан цIыкIум къыхэхуащ... Апхуэдэу гуузу и ныбжьэгъур хэкIуэда нэужь, абы и фочыр кърatат.

Къэзахъстаным щекIуэкIа зэзауэ гуащIэм хэту, уIэгъэ хьэлъэ игъуэтат Сонэм: и лъакъуэ ижьым и лъэкIэным фочышэ къытехуащ. УIэгъэщ нэужьым къаутIыпщыжауэ щытащ. Зыри ицIыхуртэкъым: зэрытIысхьэни зэрыкIыни. ЩIакъуэ башышхуитIыр иIыгъыу ерагъыу зекIуэу арат. Зы урыс щIалэ цIыхугъэ къыхуэхъури, хуабжьу и сэбэп къекIауэ жиIэжырт. МафIэгуу, машинэ псынщIэу, хьэлъэзешэу сыт хуэдэ къахуэзэми, итIысхьэурэ сытми, Налшык къэсыжат. Щхьэлыкъуэ щыщ зы щIали, Хьэшырхэ ящыщу, гъусэ къыхуэхъуат. А зэманым нэмыцэхэр ди республикэми къэсакIэт. Къармэхьэбли куэду дэту зэхахат. Хьэшырхэ я деж зыщахъумащ щIалэхэм, бийм зыкърамыгъэлъагъуу. МахуэкIэ нартыху губгъуэм зыщагъэпщкIурт, жэщым щIыунэм ист. Апхуэдэурэ мазитIкIэ псэуащ щIалэхэр, къызэрыкIуэжар хэIущIыIу ямыщIыщэу. Иужьым ди къуажэ щыщ партизанхэм къахуэзэри, Ибрэхьим абыхэм къыздашэжауэ щытащ. И лъакъуэм игъуэта сэкъатым и зэранкIэ и узыншагъэр куэдрэ зэтеувэжакъым икIи никъуэдыкъуагъэ зэрыбгъэдэлъымкIэ тхылъ кърaтри, фронтым яшэжакъым. Зауэ нэужьым иджыри илъэс 40-кIэ колхозым щылэжьэжащ Ибрэхьим шыгухуу. Ар пщIэ зыхуащI лэжьыгъэт. Ушыгухумэ, иджырей шофёрым ухуэдэт. Абы щыгъуэ къуажэ псом зы машинэ яIэнкIи хъунт, ари ямыIэххэнкIи хэлъу. Шыгурэ выгурэт яIэр. ЦIыхухэр зэрызекIуэри, сыт хуэдэ хьэлъэ къызэрырашэкIри, фызышэ зэрыкIуэри ахэрат. Къуажэ цIыхубзхэр губгъуэ хадэм дишырт, кърашэхыжырт. Нащэ, къэбыстэ пхъы куэду ягъэкIырт, къэбыстэр куэду яшыужырт. Зэманыр ткIийт. Зы цIыхубз унэм къыдэнэну хуиттэкъым, сабий цIынэ иIэми. Сабийхэри здыдашырти, гущэхэри яIыгъыу, зы цIыхубз абыхэм якIэлъыплъырт, адрейхэр лажьэрт.

ЦIыху гуапэт Сонэ Ибрэхьим. ЦIыхухэм сэбэп яхуэхъуфмэ ядэIэпыкъуа фIэкIа, абы зыгуэрым псалъэ гуемыIу жриIауэ е и жагъуэ ищIауэ зэхэзыха щыIэкъым. «Мылацэ» жаIэ мыхъумэ, абы и цIэ дыдэр зымыщIэр нэхъыбэт – щыцIыкIум и анэм гъэфIагъыбзэу къыфIищауэ щыта цIэмкIэ къеджэрт нэхъыбэр. Зэман къыхудэхуэмэ, губгъуэм щаIыгъ сабийхэри тIэкIу тригъэурт, фIэгуэныхь хъуурэ.

Маргъущ Казибан игу къигъэкIыжырт: «Бжьыхьэ кIасэу, жэп зытеха нартыхур къыдэтчыжырт. Дунейр щIыIэти, щIымахуэм ещхьт. Абы нэхъей, си хъыдан вакъэ тIэкIури зэщIэщэтауэ, нэхъ Iеижу сыдыкъат. Уи вакъэ зэщIэхуами пщымыгъыххэми укъехыжыну ухуитт? Ухуиттэкъым. Ибрэхьим и вакъитIыр зылъихри къызитат: «Мэ, удиинущ, сэ ныжэбэ вакъэ езгъэщIынщ», - жиIэри. И вакъэр сэ къызитри, лъапцIэу гум итIысхьэри ехыжат...» Мы хъыбарыр Казибан псэуху, Ибрэхьим и бынхэм къажриIэжащ, а лIыжь угъурлым фIыщIэ хуищIу.

Ибрэхьим зауэм щыIэху, урысыбзэри нэхъ тэмэму къищIауэ апхуэдэт. Тхэфырт, еджэфырт, абы нэмыщI бжэныр фIыуэ ищIэрти, зэхэлъхьэн-зэхэхынкIэ Iэзэт. Арати, гъавэ хъумапIэр и IэмыщIэ иралъхьэри, абыи илъэситIкIэ щылэжьат. Гуэдз, нартыху - Iэджэ фIыгъуэ дэлът гъавэ хъумапIэм, атIэми нартыху кIэчан щхьэкIэ уагъэтIысыфыну апхуэдэ зэмант. Ибрэхьими и къалэнт лэжьыгъэ нэужьым хъумапIэм дэкIыж къуажэ цIыхубзхэр (ахэрат абы нэхъыбэу щылажьэр) къиихъунщIэну, зыри дамыхын щхьэкIэ. Ауэ, къиихъунщIэным и пIэкIэ, яжриIэрт: «Сэ лъэныкъуэ зызогъэз, фэ фщIэнумкIэ фыхуитщ - фи бынхэр фымыгъэмэжалIэ». Фызхэри зыхуейр арати, нартыху, гуэдз тIэкIу жыпкIэ, гуфIакIэкIэ къащтэрт, я быным ирагъэшхыну. «А цIыху угъулыр мыхъуамэ, ди бынхэр шхын щхьэкIэ лIэнт», - жаIэурэ куэдрэ абы тепсэлъыхьыжащ иужькIэ.

Ибрэхьим зауэм зэрыхэтам щыхьэт техъуэ дамыгъэ куэд кърaтащ мамыр гъащIэр зэтраублэжа нэужь. Илъэс къэси ветеранхэм яхэту къуажэ клубым пщIэ хуащIу кърашалIэурэ ягъэлъапIэу щытащ.

Унагъуэ быныфIэт Сонэ зэщхьэгъусэхэр. Я сабиибгъур зыхуей хуэзэу япIащ, ягъэсащ: ХьэкIуцинэ, Хьэжмусэ, Iэминат, СэIимэт, Iэсият (ахэр зауэм ипэкIэ къалъхуащ), ТэIибат, Мусэбий, Хьэсэнбий, ФатIимэт сымэ зауэ нэужьым зэдагъуэтат. Зэщхьэгъусэхэр я къуэ нэхъыщIэ Хьэсэнбийрэ и нысэ Тамарэрэ бгъэдэсащ. Къуэми нысэми нэхъыжьхэм пщIэ хуащIащ, гуапэу хущытащ, зыхуей хуагъэзащ, ахэр псэуху. ТекIуэныгъэм и махуэрат мы унагъуэм махуэщIу щыIэм янэхъ лъапIэу къалъытэр. Абы ирихьэлIэу Хьэсэнбий мэл иукIырти, и адэр игъэлъапIэрт, дадэ и бынхэр, абыхэм я быныжхэр къызэхуэсыжырти, ар ягъэгуфIэрт, ягъэгушхуэрт.

Сонэ Ибрэхьим хуэдэ сэлэт къызэрыгуэкIхэм я лIыгъэрщ мы зэманым Iэтауэ дгъэлъапIэ ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэр къытхуэзыгъэблэгъар.

НэхъыжьыфIыр 1999 гъэм дунейм ехыжащ. Абы и фэеплъыр сакъыу яхъумэ и бынхэм, абыхэм къащIэувэ щIэблэхэм».

Зыгъэхьэзырар **ЖЫЛАСЭ Маритэщ**.

Гугъапӏэ инхэр и бащэт

МащIэ и нэгу щIэкIа Мысостей укъикIыу Аушыджэр удэлъэда нэужь япэу уи нэр зыхуэзэ, Аруан къуажэм ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ декIуэкI бгыжьым. Хэт ищIэн, ар иригушхуэ къыщIэкIынщ лIыгъэкIэ зи тхыдэр гъэнщIа жылэм къыдэхъукIа, бын пэлъытэу ибж и цIыху щэджащэхэм. Ауэ къыщыхъу щыIэщ бгыжьым нэщхъеифэ, зеиншафэ къыщытеуэ. Апхуэдэ щытыкIэм ар щыхуэкIуэр зи мурадхэр домбей, зи пщэдейм бащэкIэ щыгугъ, зи псы къэжэгъуэ, зи псэугъуэ, и куэщIым иджэгукIыу щыта и бынхэм ящыщ щыфIэкIуэдым дежщ. КъыпфIощI зи мычэзууэ щIылъэр къэзыбгынахэм ар яхуэщыгъуэу...

УНАГЪУЭЩIЭ зэдаухуат Къущхьэхэ я щIалэ Казбекрэ абы Жэмтхьэлэ кърища Нэгуэр Маринэрэ. Зэдэпсэун щIадзэри, лажьэ-шхэжу къызэдэгъуэгурыкIуэу, щIалэ цIыкIу къахохъуэ унагъуэм. Абы цIэуэ фIащ Алан. Сабий зыгъуэта адэ-анэм я гугъу тщIынкъыми, псом хуэмыдэу абы щыгуфIыкIар и анэшхуэрт, ФатIимэт. Ар лъэпкъкIэ къущхьэм (осетинхэм) ящыщми адыгэм къызэрытхыхьэрэ ди зэхэтыкIэри ди хабзэ-бзыпхъэри гурэ псэкIэ къэзыщта цIыхут. Быдзафэ ныбжьым икIа, зекIуэу, псалъэу щIидза нэужь анэшхуэрат сабийм нэхъыбэм кIэлъыплъыр. ТIэкIу къэжэпхъа нэужьи абы и нэIэ щIэкIакъым щIалэ цIыкIур:

- Садым сшэрт, къисшыжырт, иужькIэ школми сэращ зышар, - игу къегъэкIыж ФатIимэ. - Сэ абы сыщылажьэрт. ЩIалэр къызэдаIуэрт, си псалъэ тIу ищIыртэкъым, «мобы кIуэ, мыр щIэ, мор къысхуэхь» жысIамэ, жэрыгъэкIэ къысхуищIэрт. УфIэфIмэ, и адэ-анэм нэхърэ сэ нэхъ къызэдаIуэрт. А цIыкIур ди унагъуэм къыхэхъуа нэужь сыкъэщIэлэжауэ, си дунейр нэхъ нэху, нэхъ дахэ, си лъэри нэхъ жан хъуауэ къысщыхъуащ. Быныр IэфIщ, ауэ быным къыщIэтэджар нэхъ IэфIыжщ. Зыгъэунэхуа дэтхэнэ зыми фIы дыдэу ещIэ ар. Алан Iуэху хэплъыхь ищIыртэкъым, сыт хуэдэ лэжьыгъэми зыщидзейртэкъым. Москва лэжьакIуэ кIуа нэужь, телефонкIэ къысхуитхауэ щытащ, «ахъшэ къэзлэжьрэ сынэкIуэжмэ, ди унэр зыхуей хуэзэу, дахэу зэзгъэпэщыжынкъэ» жери. И адэ-анэм щIыгъуу Нарткъалэ щыIэпхъуам щыгъуи щIэх-щIэхыурэ къуажэм къэкIуэжырт, и гур мырат здэщыIэр. Езыр щIалэ гумащIэт, и анэкъилъху хъыджэбз цIыкIуитIми яхуэщабэт. А нэхъыщIитIым IэфIыкIэ къахуищэхуурэ игъэгуфIэрт. СВО-р щекIуэкI щIыналъэм кIуа нэужьи сэрат япэ дыдэу телефонкIэ зызыпищIар. Махуэ къэс жыхуиIэм хуэдэу дызэпсалъэрт ...

9-нэ класс нэужьым Алан и еджэным адэкIэ пищэн Iуэху зэрихуакъым. Адэ-анэм защIигъэкъуэн хьисэпкIэ лэжьапIэ уващ. И гум фIэфI, ахъшэ тэмэм къыщратын IэнатIэ къилъыхъуэурэ, Iуэхущ1апIэ зыбжанэ зэрихъуэкIащ - ЖЭК-м щыIащ, машинэ итхьэщIу лэжьащ, хьэпшыпзешэу щытащ. Нарткъалэ Iэпхъуа нэужь, абы дэт консерв заводым уващ.

Алан и анэ Маринэ и гукъэкIыж: «Си къуэр зэрыцIыкIурэ щIалэ псынщIэт, дэни нэсырт, зэи Iуэхуншэу щыттэкъым. ЖетIэр ищIэу къэдгъэтэджащ. Гъунэгъухэм Iуэху гуэр яIэу щытми мыщхьэхынут, защIигъэкъуэнутэмэ, и ныбжьэгъу цIыкIухэми ящIыгъуни имыжагъуэт. Зэгъусэу бгым дэкIхэрт, мэзым кIуэрт. Нэхъ балигъыIуэ хъуа нэужь и мурадхэр къысхуиIуатэрт, «мыпхуэдэ IэнатIэ сыувынущи, дауэ уеплърэ» жиIэу. И щэху къызихьэлIэрт, уеблэмэ хъыджэбз цIыкIу епсалъэми къызжиIэрт.

Алан и адэ Казбек: «ЩIалэр нэхъ дэзыхьэхыр армэм, дзэ къулыкъум пыщIа Iуэхухэрт. ЩыцIыкIум кIэрахъуэ сыт хуэдэхэми ириджэгуну фIэфIт. Школым къыщIэкIа нэужь и хъуэпсапIэт Урысей гвардием къулыкъу щищIэну. Ауэ, абы курыт щIэныгъэ уимыIэу ухыхьэфыну къыщIэкIынтэкъым. Езыри ирикъуатэкъым илъэс 18. Хыхьэфамэ, абы хэзэгъэну къыщIэкIынт. Сыщытхъуу къыпщремыхъу, ауэ езыр щIалэ мышынэт. Езым хуэдэ щхьэкIэ зэи къикIуэтынутэкъым».

Москва лэжьапIэ кIуа нэужь, Урысей гвардием хыхьэну и нэ къызэрикIыр къыбгъурыту IэнатIэ Iутхэм къащIати, Алыхьым ещIэ, абыхэм къызыпхагъэIукIа, «СВО-м укIуэмэ нэхъ тыншу ухыхьэфынущ» жаIэу, сытми, щIалэщIэр тегушхуащ а Iуэхум. ЗэрыцIыкIурэ зыщIапIыкIа, зи хъыбар зэхих и къуажэгъу, пасэрей лIыхъужь Андемыркъан, Совет Союзым и ЛIыхъужь хъуа Къардэн зэшхэм - Къубатийрэ Къэбардрэ я хахуагъэр зыхуэдэм щыгъуазэу къэхъуати. БалигъыпIэм нэса Къущхьэхэ я щIалэщIэм и гур еIэрт абыхэм ещхьу лIыгъэ гуэр зэрихьэну, и хэкум къыщхьэщыжыну, лIы зэрыхъуам и анэшхуэри, къэзылъхуахэри, къыдалъхуахэри, и ныбжьэгъухэри щигъэгуфIыкIыну. Арати, таучэл ищIщ, военкоматым кIуэщ, абы тхылъымпIэм Iэ щытридзэри, дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI, лъэныкъуитIыр нэхъ гуащIэу щызэпэщIэт щIыпIэм яшащ. Ауэ иухатэкъым Къущхьэхэ я щIалэщIэм и хъуэпсапIэхэр нахуапIэ хъуну. Махуэ 20 къудейщ ар а щIыпIэм зэрыщыIар. ЗдэкIуам зэрахэзэгъам, и командирхэр бащэкIэ къыщыгугъыу зэрыщытам и щыхьэтщ Алан сымэ я пщэ къыдалъхьа Iуэху шынагъуэр: кIуэуэ бийм и тIасхъапIэр къахутэну. ЩIалитху хъууэ ежьэри, я къалэн ягъэзэщIауэ къыздэкIуэжым, Тхьэм ещIэ гу къызэрылъатар - лагъымкIэ узэда кхъухьлъатэ цIыкIу-дрон къаутIыпщри, тхури хэкIуэдащ.

Алан и адэ Казбек: «СВО-м щыкIуам щIэх-щIэхыурэ дызэрыщIэрт телефонкIэ. Апхуэдэурэ, махуищ дэкIащ езыри къэмыпсалъэу, дэри дыпсалъэкIэ зыпыдмыщIэфу. Абдежым угузэвэнтэкъэ, щымыхъум и командирым деж дыпсэлъащ. «Зыгуэр къэхъу хъужыкъуэмэ» жери, Алан къыди-тат абы и телефон номерыр. Командирым къыджиIащ Iуэхур зытетыр, езыхэм къашэжын зэрамурадыр, ауэ кIыхьлIыхь зэрыхъунур. Мазэ бжыгъэкIэ дыпэплъэн хуей хъунуми тщIэртэкъыми, къуажэ администрацэм машинэ къыдитщ, дыкIуэри къэтшэжащ ...

А хъыбар гуауэр щызэхахым, дунейр къатеункIыфIащ Алан къэзылъхуахэми, анэшхуэми. Ар гущIыхьэ ящыхъуащ Къущхьэ лъэпкъми, Аушыджэр дэсхэми, щIалэр къэзыцIыхуу щыта псоми. И анэр, Маринэ, и гугъакъым абы къелыну. Ауэ сыт и Iэмалт, пхуэмышэчын Алыхьым къыптрилъхьэркъым жаIэ...

Къущхьэ Заур, Алан и адэ къуэш: «Хэку зауэшхуэ екIуэкIам лIыгъэ ягъэлъагъуэу хэтащ ди жылэм щыщ куэд, Аушыджэр зэрыдэкIар ящымыгъупщэу, Къэбэрдейм ди пщIэр яIэту. Абыхэм ещхьыркъабзэу, СВО-м хахуэу зыкъыщагъэлъагъуэу щыIэщ ди нобэрей щIэблэм ящыщ зыкъоми. Абыхэм ди щхьэр лъагэу дагъэлъагъужащ. Ауэ, зауэ жыхуаIэращи, абы псори къикIыжыркъым. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, а здэкIуам и псэр щитащ ди щIалэ цIыкIуми. Дэ, нэхъыжьхэм, нобэ ди къалэнщ Хэку зауэшхуэм хэтахэри, СВО-м щыхэкIуэдахэри зыщыдмыгъэгъупщэну, къытщIэувэ щIэблэм ахэр щапхъэ яхуэтщIыну.

Шэч къытетхьэркъым Къущхьэ Алан дзэ Iуэху хэхам зэрыхэта зэман кIэщIым лIы хуэдэлIу зэрызыкъигъэлъэгъуам. Арыншамэ, апхуэдэ псэзэпылъхьэпIэм тегушхуэнт, бийм и тIасхъапIэр къихутэн мурадкIэ абы и хэщIапIэм ихьэнт?

ЛъэныкъуитIыр щызэпэщIэт щIыпIэм Къущхьэ Алан щызэрихьа хахуагъэм и щыхьэтщ «ЛIыхъужыгъэм и орденыр» абы къызэрыхуагъэфэщар. Дауи, а дамыгъэ лъапIэр я унагъуэм, и шыпхъу цIыкIуитIым зэрахьэнущ гугъапIэ инхэр зи бащэу, зыхэт гупым къахэпэжыкIыу, щIалэ щхьэмыгъазэу дунейм тета я къуэм, я дэлъхум и фэеплъу.

САУТ СулътIан.

● УФСБ-м къет

ФадэхэкI куэд къытрах

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу къыщIагъэщащ республикэм щыпсэу цIыхуищым ялэжь щIэпхъаджагъэр. Ахэр пыщIат хабзэншагъэкIэ фадэхэкIхэр гъэхьэзырыным, хабзэм къигъэув маркировкэхэр темылъу ирагъэкIын мурад яIэу.

ИРАГЪЭКIУЭКIА Iуэхухэм кърикIуэу, Лэскэн районым къыщагъуэтащ контрафакт фадэхэкIхэр щагъэхьэзыр цех щэху. ХабзэншагъэкIэ ирагъэкIыну хьэзыр птулъкIэ мини 3 нэблагъэ, федеральнэ маркэхэр зытемылъхэр, апхуэдэуи спирт зыхэт псыIагъэ литр мини 5-м щIигъу къытрахащ.

Уголовнэ Iуэху къэIэтыным яужь итщ.

Дунейм щыхъыбархэр

Жыджэру мэлажьэ

УФ-м и Президент Путин Владимир «Урысей зэкъуэтым и ЩIэблэщIэ гвардие» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 20 зэрырикъум теухуа махуэшхуэм хэтхэм зэрызахуигъазэм къыщыхигъэщащ ахэр жэуаплыныгъэшхуэ яхэлъу жылагъуэ гъащIэм зэрыхэтыр, дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм, и ветеранхэм, абыхэм я унагъуэхэм дэIэпыкъуэгъу зэрахуэхъур.

«БЛЭКIА илъэсхэм фи «Урысей зэкъуэтым и ЩIэблэщIэ гвардием» гъуэгуанэ купщIафIэ къызэринэкIащ, къэралым и щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэм я деж езым и увыпIэ щхьэхуэ щиубыдыжащ. Фи IуэхущIафэхэм, жэрдэм къыхэфлъхьэхэм, къэралым къыпэщыт къалэн нэхъыщхьэхэр нэгъэсауэ зэфIэхыным фызэрыхущIэкъум фи пщIэр яIэтащ, фи зэфIэкIыр наIуэ къащIащ. Дзэ Iуэху хэхам хэтхэм, абыхэм я унагъуэхэм, щIыналъэщIэхэм щыпсэухэр дэIыгъынымкIэ фэ евгъэкIуэкI лэжьыгъэри къыпхуэмылъытэнщ. Щхьэхуэу фIыщIэ яхузощI а зэгухьэныгъэм хэтхэм ящыщу лIыгъэ къагъэлъагъуэу нобэ Хэкур хъумэным щIэбэн щIэблэщIэми», - щыжеIэ Урысейм и Унафэ-щIым Кремлым и сайтым къралъхьа телеграммэм.

Президентым къыхигъэщащ «ЩIэблэщIэ гвардием» и лIыкIуэхэр жыджэру къэрал къулыкъущIапIэхэм зэрыщылажьэр, «Урысей зэкъуэт» партым къыхилъхьэ Iуэхухэм зэрыхэтыр, апхуэдэуи хэкупсэ, псапащIэ, узэщIыныгъэ проектхэр гъэзэщIэнми я зэфIэкI зэрыщагъэлъагъуэр.

Сом мелардым щIигъу

Урысей Федерацэм и щIыналъэщIэхэр зыхуей хуэзэу зэфIэгъэувэжыным, цIыхухэм я псэукIэр тынш ящыщIыным теухуа лэжьыгъэхэр жыджэру ирагъэкIуэкI. УнэтIыныгъэ псоми Iуэху пыухыкIахэр щагъэзащIэ.

ДОНЕЦК цIыхубэ республикэм и турист IэнатIэр зэфIэгъэувэжыным етIанэгъэ сом зы мелардым щIигъу хухахынущ. Апхуэдэ хъыбарыр РИА-м и журналистым жриIащ ДНР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Макаров Кирилл.

«Ди жагъуэ зэрыхъунщи, щIыпIэм щекIуэкIа зэхэуэхэм я зэранкIэ хьэщIэщхэм я нэхъыбэр зэтекъутащ, - жиIащ абы. - Иджыпсту абы и лъэныкъуэкIэ къэпщытэныгъэшхуэхэр идогъэкIуэкI, нэхъапэ зэфIэгъэувэжыпхъэр къэдгъэнэIуэн папщIэ. 2026 гъэм абы тедгъэкIуэдэну инвестицэ мылъкуу сом зы мелард къытIэрыхьэну догугъэ».

Абы и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, ахъшэр нэхъ мащIэу къагъэлъэгъуащ, 2026 гъэм и кIэхэм ирихьэлIэу а Iуэхум текIуэдэну мылъкур фIыуэ нэхъыбэ хъунущ.

ЩэкIуэгъуэм и 18, *гъубж*

♦**1917 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, политик цIэрыIуэ, 1956 - 1985 гъэхэм КъБР-м и УнафэщIу щыта **Мэлбахъуэ Тимборэ**.

♦**1928 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Тыгъуэн Рашад**.

♦**1937 гъэм** къалъхуащ журналист, тхакIуэ, АР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Багъ Нурбий**.

♦**1941 гъэм** къалъхуащ композитор, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Натхъуэ Жанхъуэт**.

♦**1943 гъэм** къалъхуащ композитор, УФ-м, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ артист, Абхъаз Республикэм щIыхь зиIэ и артист, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Нэхей Аслъэн**.

♦**1958 гъэм** къалъхуащ УФ-м и ХъумапIэ банкым и IуэхущIапIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и унафэщIу щыта, УФ-м щIыхь зиIэ и экономист **Урысбий Хьэмидбий**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 15, жэщым градуси 6 щыхъунущ.

ЩэкIуэгъуэм и 19, *бэрэжьей*

♦**Гъуэгухэм къыщыхъу насыпыншагъэхэм хэкIуэдахэр ягу къыщагъэкIыж дунейпсо махуэщ**

♦**ЦIыхухъухэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Урысей Федерацэм и Ракетэдзэхэмрэ артиллериемрэ я махуэщ**

♦**1941 гъэм** Налшык къалэм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и комитетым Къэбэрдей-Балъкъэр шу дивизэр къызэгъэпэщыным теухуа унафэ къищтащ.

♦**1942 гъэм** советыдзэхэр Сталинград деж щебгъэрыкIуэу хуежьащ, къалэр хуит къэщIыжыным хуэунэтIа зауэшхуэм щIидзащ. Ар екIуэкIащ 1943 гъэм мазаем и 2 пщIондэ.

♦**1985 гъэм** къалъхуащ дуней псом Iэпщэрыбанэ спорт лIэужьыгъуэмкIэ и чемпион **ХьэкIырэ Атмир**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 17, жэщым градуси 7 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ЩIым зы ептмэ, щэ къуетыж.

Хабзэхъумэ нэсым и фэеплъ

Урысей МВД-м Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм щиIэ и управленэ нэхъыщхьэм Экстремизмэм пэщIэтынымкIэ и центрым къыщызэIуахащ милицэм и генерал-майор Ешыгуауэ Руслан и бюстыр.

IУЭХУМ хэтащ Урысей МВД-м и управленэу Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм щыIэм и унафэщI, полицэм и генерал-полковник Бачурин Сергей, КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и секретарь Тату Казбек, КъБР-м къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру щыIэ Крючков Вячеслав, КъБР-м и Парламентым и депутат Джатэ Руслан, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм я унафэщIхэр, ветеранхэр, Ешыгуауэм и Iыхьлыхэр, жылагъуэ лIыкIуэхэр.

Фэеплъыр къызэгъэпэщыныр я жэрдэмщ зэгъэуIуауэ ялэжь щIэпхъаджагъэхэм япэщIэтынымкIэ IэнатIэм и ветеранхэм. Ар игъэхьэзыращ РСО-Аланием щIыхь зиIэ и художник, скульптор, Урысейм и Художникхэм я зэгухьэныгъэм хэт Зангиев Таймураз.

Ешыгуауэ Руслан УБОП-м и унафэщI къулыкъум пэрыту зэфIигъэкIахэр Кавказ Ищхъэрэм щIэпхъаджагъэм къэмылэнджэжу щыпэщIэтыным и дамыгъэ хъуауэ щытащ. Управленэр щIыналъэм щыIэ щIэпхъаджащIэ гупхэм я дежкIэ къару шынагъуэ хъуат. Абы зэкъуигъэуващ и гупсысэр къыдэзыIыгъ, зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI гуп. Дэтхэнэ Iуэхуми нэщIысауэ зыхуагъэхьэзырырт, Ешыгуауэм къищтэ унафэхэр зэпэшэчат, жэуаплыныгъэ зыхэлът икIи и лIыгъэмрэ и IэщIагъэм зэрыхуэIэижьымрэ папщIэ къыхуагъэфэщащ къэрал, ведомствэ дамыгъэхэр.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм къыхэкIыжа нэужь Ешыгуауэ Руслан Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и секретару лэжьащ. И лъэпкъым и къуэ нэсыр дунейм ехыжащ 2022 гъэм дыгъэгъазэм и 27-м.

Мемориал бюстыр къызэIуахащ Бачурин Сергейрэ «Лига ветеранов службы по борьбе с организованной преступностью» IэнатIэм и унафэщI, милицэм и полковникыу къулыкъум пэрыкIыжа Хьэпэ Виталийрэ.

Бачурин Сергей къыхигъэщащ Ешыгуауэ Руслан лIыгъэм, щIыхьымрэ къалэным хуэпэжынымрэ зэращапхъэр, Хьэпэ Виталий жиIащ милицэм и генерал-майорыр Хэкум и хъумакIуэ нэсу зэрыщытар.

Бюстыр къызэIуахщ, Ешыгуауэ Руслан и фэеплъым пщIэ хуащIу дакъикъэкIэ щымри, къызэхуэсахэм мемориалым деж удз гъэгъахэр щагъэтIылъащ.

Зыгъэхьэзырар **УЭРДОКЪУЭ Женящ**.

Хуабэщым къыщагъэхъум и фIагъыр

● ХадэхэкIхэр

Хуабэщхэм къыщагъэкIа хадэхэкIхэм я куэдагъым къызэрыхэхъуэм и псынщIагъымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхъэрэ - Аланиемрэ къэралым япэ увыпIэхэр щаубыдащ, къитащ УрысеймэкъумэшбанкымкIэ и пресс-IуэхущIапIэм.

ДЫЗЭРЫТ илъэсым и щIышылэ - жэпуэгъуэм къриубыдэу республикитIми хуэбэщхэм къыщагъэкI хадэхэкIхэм я куэдагъым тонн мини 10-м щIигъукIэ къыхагъэхъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм тонн мини 10,9-рэ щызэщIакъуэжауэ щытамэ, дызэрыт илъэсым и щэкIуэгъуэм ипэ махуэхэм ирахьэлIэу а бжыгъэр тонн мин 21,1-рэ хъуащ.

Ди гъунэгъу республикэм апхуэдэ ехъулIэныгъэхэр щIиIэр зи фIыгъэр адрейхэм нэмыщI, «Алание» хуабэщ комплексыр лажьэу зэраутIыпщарщ. Осетие Ищхъэрэ - Аланием нэгъабэ кърихьэлIэжа хадэхэкIым и куэдагъыр зэрыхъуар тонн 266-рэщ, атIэ, а бжыгъэр тонн мини 10,9-м нызэрыхьэсащ мы гъэм.

Урысей Федерацэм и щIыналъэхэр псори къапщтэу щытмэ, дызэрыт илъэсым зэрыщIидзэрэ хадэхэкIыу тонн мелуан 1,3-рэ хуабэщхэм къыщыщIачыжащ икIи нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ тонн мини 5-кIэ нэхъыбэщ ар.

Урысеймэкъумэшбанкым IэнатIэхэр къэпщытэнымкIэ и центрым и лэжьакIуэ Ухалинэ Ольгэ зэрыжиIамкIэ, къэралым ерыскъымкIэ и шынагъуэншагъэр езым къыщIигъэкIа продукцэхэмкIэ къызэгъэпэщыным ехьэлIауэ щыIэ мардэм (процент 90) хадэхэкIхэмкIэ, хуабэщхэм къыщагъэхъуахэри хэту, дызыхуэкIуэ илъэсхэм пэгъунэгъу хуэхъунущ.

«ХадэхэкIхэр къыщагъэхъу хуэбэщхэм зегъэужьыным и мыхьэнэхэм ящыщщ иджырей хуабэщ ехьэжьахэм узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэм япэщIэтыф гибридхэр къыщыбгъэкI зэрыхъур, хадэхэкIхэм я фIагъым зэрыпхухэгъахъуэр», - жиIащ Ухалинэм.

Къыхэдгъэщынщи, хуабэщхэм къыщагъэкIа хадэхэкIхэм я куэдагъымкIэ къэралым япэ увыпIэр щызыIыгъыр Ставрополь крайрщ. Дызэрыт илъэсым и мазиблым къриубыдэу абы къыщрахьэлIэжащ тонн мин 75,9-рэ. Дызыхуэкlуэ илъэсым Ставрополь крайм и хуабэщ комплексхэм зэхэту яIыгъ щIым и куэдагъым процент 12-кIэ хагъэхъуэнущ е гектар 375,50-м нагъэсынущ икIи зы илъэсым къыщIачыжым и куэдагъым тонн мин 19-м нэблагъэ иджыри къыхагъэхъуэн ягугъэщ.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

● Лъэужь

Азэмэтрэ Абдул-Хьэмидрэ зэрызэщхьыр нэрылъагъущ.

Мюшфикэрэ ипхъу нэхъыжь Айшэрэ.

Дыгулыбгъуей - Истамбыл - Дыгулыбгъуей

«Адыгэ псалъэ» газетым иджыблагъэ тетащ Хъыжьрокъуэ Азэмэт теухуа тхыгъэ. Дыгулыбгъуей къуажэм щыщ щIалэщIэм Москва дэт финанс-юридическэ академием и бакалавриатыр къиухауэ, магистратурэм щIэсщ, Къэбэрдей Хасэм и тхьэмадэм, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщIым я дэIэпыкъуэгъущ, жылагъуэ зэгухьэныгъэ зыбжанэм хэтщ, «Хабзэхъумэ ныбжьыщIэхэр» жылагъуэ дружинэр къызэригъэпэщащ, волонтер лэжьыгъэ куэд зэфIех.

АБЫ И ЗАКЪУЭКЪЫМ, Абу Хьэнифэ и цIэр зезыхьэ Кавказ Ищхъэрэ ислъам университетым щоджэ, хьэжыщI щыIащ. Журналист хъуну щIэхъуэпсхэм папщIэ КъБР и Журналистхэм я зыгухьэныгъэм къызэригъэпэща еджапIэм къокIуалIэ Азэмэт. ЩIэблэр хэкупсэу къэгъэхъуным, жылагъуэ Iуэхухэм жыджэру зэрыхэтым папщIэ, фIыщIэ, щIыхь тхылъхэмкIэ ягъэлъэпIащ.

ЕджэныгъэкIэ, хасэ IуэхукIэ Печатым и унэм щIэх-щIэхыурэ къекIуалIэ си къуажэгъур псэлъэгъу щысхуэхъум сыщигъэгъуэзащ и адэшхуэ-анэшхуэм я хъыбар гъэщIэгъуэным. АбыкIэ ди газетеджэхэми дывдэгуэшэну ди гуапэщ...

Азэмэт зэрыжиIэмкIэ, абы и адэшхуэр - Хъыжьрокъуэ Нухь и къуэ Уэсмэн - илъэс 17 фIэкIа мыхъуу хэкум икIри, Тыркум Iэпхъуат. Унагъуэр къулейт, и адэр сондэджэрышхуэти. Истамбыл кIуа щIалэр зэрынэсу лъэ быдэкIэ уващ, дарий щэкIрэ дыщэ, дыжьынхэмрэ ищэу тыкуэнышхуэ къызэIуихащ. Зи Iуэху дэкI адыгэ щIалэр уэсмэн сулътIан Абдул-Хьэмид ЕтIуанэм и хэщIапIэм кIуэрей щыхъум, нэIуасэ къыхуэхъуащ пащтыхьыпхъу Джамилэ. ЗэрыжаIэмкIэ, абы и анэр - сулътIаным и щхьэгъусэ, адыгэ бзылъхугъэ Агъырбэ Мюшфикэщ. Езы Мюшфикэ 1867 гъэм Тыркум къыщалъхуащ, нэхъапэIуэкIи Айшэ и цIэу щытащ.

Абдул-Хьэмидрэ Мюшфикэрэ бынищ зэдагъуэтауэ жеIэ Азэмэт: пхъуитIрэ зы къуэрэ. Хъыжьрокъуэ Уэсмэн щхьэгъусэ хуэхъуар зэшыпхъуитIым я нэхъыщIэрщ – Джамилэ (1888 гъэм дыгъэгъазэм и 27-м къалъхуащ). СулътIаныпхъумрэ дыгулыбгъуей щIалэмрэ я нэчыхьыр ятхащ 1905 гъэм. Илъэс нэхъ дэмыкIыуи къахэхъуащ я щIалэр – Хьэлий.

2909 гъэм, Абдул-Хьэмидыр сулътIаныгъуэм трахуа нэужь, Хъыжьрокъуэм и унагъуэр зэщIикъуэщ, тыркухэм къаIэщIэкIщ, урысей пащтыхьыгъуэм къигъэзэжри, Дыгулыбгъуей къуажэм дэтIысхьэжащ. А лъэхъэнэм ирихьэлIэу зэщхьэгъусэхэм зы къуэрэ пхъуитIрэ яIэт.

1917 гъэм Джамилэ тало узыр къеуалIэри ихьащ. 1922 гъэм политикэ IуэхукIэ Уэсмэн и мылъкур трахри, лъэпкъым и бий цIэ дыджыр къыфIащащ. ЗэрыжаIэмкIэ, Хъыжьрокъуэ Уэсмэн НКВД-р къыщыкIэлъыкIуам, къыщыщIа псори хуэмышэчу и гур зэгуэудащ, къэкIуахэр гущIэгъуншэ дыдэу къыщIэкIынти, и хьэдэр дашри, ягъэкIуэдащ. А лъэхъэнэм Уэсмэн и къуэ Хьэлий мэкъуауэ щыIэти, псори къэхъун къэхъуауэщ къыщрихьэлIэжар. «Лъэпкъым и бий» зыфIащу ягъэкIуэда дэтхэнэ зыми къыщIэна быным хуэдэу, Хьэлий и адэм и кхъащхьэм куэдрэ лъыхъуащ, ауэ зыри къикIакъым.

Зи лъапсэм псы ирагъэжыхыжа Хьэлий гъащIэ гугъу къигъэщIауэ яIуэтэж и щIэблэм. ГъукIэу лэжьащ псэуху. Абы щхьэгъусэ хуэхъуащ ЛIупхэ япхъу Мырыку. Зэщхьэгъусэхэм зэдагъуэтащ бынитху: къуищрэ пхъуитIрэ.

- Абдул-Хьэмид сулътIаным къытехъукIыжауэ нобэ Тыркум щыпсэухэр къэдгъуэтыжауэ дызэрощIэ. Османоглу унэцIэр зэрахьэ абыхэм. Ахэр зэзгъэцIыхуну, си анэшхуэм и адэанэр щыщIалъхьэжа щIыпIэр зэзгъэлъэгъун мурадкIэ сыщыIащ Истамбыл. Ахэр къызэрысIуплъэу жаIащ: «АпхуэдизкIэ Абдул-Хьэмид урещхьщи, щыхьэт гуэри дыхуэныкъуэкъым – удикъуэшщ!». Пэж дыдэу, сулътIаным и сурэтымрэ сысеймрэ зэбгъэдэбгъэувэмэ, зы нэкIуу уIуоплъэ, - жеIэ Азэмэт.

Мыпхуэдэ цIыхушхуэхэм я гугъу щыпщIкIэ, дауи, псалъэм щыхьэт техъуэ тхылъымпIэ кIапэ уолъыхъуэ, пцIыупс уримыхъун папщIэ. Сэри аракъэ, арыххэу ВикипедиемкIэ соIэбэ. Абы иткъым Мюшфикэ бынищ иIауэ. Итыр зыпхъу закъуэщ – Айшэ.

Азэмэт зэрыжиIэмкIэ, и адэшхуэжь Хъыжьрокъуэ Уэсмэн къыщIэнауэ тырку дэфтэрхъумапIэм къыхихыжащ уэсмэныбзэкIэ тхауэ тхылъ, сурэт зыбжанэ. Абыхэм яхэлъщ Хъыжьрокъуэм Тыркум уардэ унэ, тыкуэн, хьэрычэт зэрыщиIамкIэ, къищынэмыщIауэ, сулътIаныщIэу къытеува Мехмед Етхуанэ Решад 1909 гъэм Джамилэ хуит къищIу Истамбыл зэрибгынамкIэ тхылъ зыбжанэ. А тхылъым зэритымкIэ, Джамилэ и сулътIан щIыхьри мылъкуу хуэфащэри трахащ, «и щхьэгъусэ Хъыжьрокъуэ Уэсмэн аш Шаркаси щIыгъуу Тыркур зэрибгынэри» къыщыгъэлъэгъуащ.

- Аращ Джамилэ тхыдэм хэмытам хуэдэу и цIэр уэсмэн тхыдэм щIыхаудар. КъищынэмыщIауэ, и шыпхъу нэхъыжь Айшерэ абырэ зэбийти, Джамилэ зэи щымыIам хуэдэу тхыдэр къратхыкIыжыну унафэ зыщIар арауэ хуагъэфащэ. Ар къэбэрдейм къэIэпхъуэну хуит къащIыным сыт хуэдэ уасэ щIитами сщIэркъым, ауэ, дауэ хъуами, я щхьэр къыхахащ сулътIаныгъуэм пыщIа зэрыукIым. Уэсмэн Тыркум къришауэ хьэпшып лъапIэ куэд илъщ ди унагъуэм, адэм къуэм ириту зэрахьэу. Ахэр иджыпсту си деж къэсащ. Уэсмэн НКВД-р къызэрыкIэлъыкIуэнур ящIэрти, ахэр унагъуэм ирахри, ягъэпщкIуауэ щытащ. ИужьыIуэкIи, илъэс зыбжанэкIэ ахэр яхъумащ унагъуэ ихьа зэшыпхъуитIым – Хьэлий къыдалъхуахэм. Зыр Нэгъуейхэ, адрейр Къунашхэ исти, политикэ Iуэхур ужьыхыжыху абыхэм яхъумащ. ИужькIэщ зи гугъу сщIы фэеплъхэм Хъыжьрокъуэхэ я лъапсэжым къыщагъэзэжар. Хъарис – Нухь - Уэсмэн – Хьэлий – Хьэмталыфэ – Толбий жиIэу собжых. Си адэр Толбийщ. ЗэрыжаIэжымкIэ, Джамилэ лIэн гъунэгъу щыхъуам и адэ-анэр и нэгу щIэкIыртэкъыми, зэпымычу нэпс щIигъэкIырт, Тыркум игъэзэжынуи щIэхъуэпсырт, - жеIэ Азэмэт.

Абдул-Хьэмид сулътIаным и щхьэгъусэ Агъырбэ Мюшфикэ илъэс 93-кIэ псэуащ, дунейм щехыжари 1961 гъэм бадзэуэгъуэм и 18-рщ. Мюшфикэ и къуэ закъуэр илъэси 3 фIэкIа мыхъуу узыфэ гуэрым илIыкIауэ жаIэу къэгъуэгурыкIуащ. Ауэ иджыблагъэ дэфтэрхъумапIэм къыщагъуэтыжа сурэтым итщ Мюшфикэ жьы дыдэ хъуауэ, и щIыбым къыдэт блыным фIэлъщ и къуэ закъуэр балигъыпIэ иту къызэрыщ сурэт. Абы къикIыр зыщ – абыи уэсмэн къэралыгъуэр ирагъэбгынэу и тхылъхэри ягъэкIуэдауэ аращ.

ФЫРЭ Анфисэ.

● ГукъэкIыжхэр

Псапэ ищIэрт, сэбэпи хъурт

Ди газетым и щIэджыкIакIуэ икIи ныбжьэгъу, илъэс куэд хъуауэ редакцэм къыпыщIа нэхъыжьыфI, Бахъсэн районым хыхьэ Ислъэмей къуажэм щыщ КЪАРДЭН Мухьэмэд и къалэмыпэм къыпыкI тхыгъэхэр щIэджыкIакIуэхэм гунэс ящохъу. Абы и щхьэусыгъуэри, дауи, ахэр цIыху гъащIэм щыщ теплъэгъуэхэу зэрыщытырщ. Мухьэмэд иджыблагъэ къытхуитхари зытеухуар аращ: гъащIэмрэ абы и зэхэлъыкIэмрэ, псэуныгъэм къыщыхъу Iуэхугъуэхэм ехьэлIа гукъэкIыжщ ар.

«ДИ АДЭ Чэрим 1935 гъэ зэман дыджым унагъуэу, зы щIалэрэ зы хъыджэбзрэ иIэу Псыхъурей къуажэм щыпсэурт. Ар дин лэжьакIуэт (духьэшыт). А зэманым диным упыщIауэ ущытыныр шынагъуэт, урилэжьэныр шэ къэуэжт.

Ди адэм щэхуу унэм зы пэш хухихауэ жэщкIэ цIыкIухэр къурIэн щригъаджэрт. Ди анэр абы куэдрэ пэуващ. «Дыбгъэунэхъунущ зэ мыхъуми зэ, бзэгузехьэ «лэжьакIуэхэр» зэрыщыIэм ущыгъуазэщ, итIани ушынэркъым», - жиIэрти ешхыдэрт, ауэ зыри къикIыртэкъым.

Анэр щIэшынар къэхъуащ куэд дэмыкIыу. Ди унагъуэр бэлыхьышхуэ хэхуащ. Къуажэм щыщ гуэрым бзэгу ихьри, жэщым цIыкIухэр иригъаджэу яубыдри, ди адэр дашащ. Япэ зигъэщу жысIэну сыхуейт: бзэгу зыхьар къищIа иужькIэ, ар хэтхэ ящыщми къыджимыIэу, псэухукIэ ихъумащ. «Абы есщIэн си куэдщ, сэрыншэуи ар Алыхьталэм игъэкIуэнукъым», - жиIэурэ дызыщхьэщигъэкIащ. ИужькIэ наIуэ къызэрыхъумкIэ - игъэкIуакъым. Куэдрэ мыпсэууэ уз Iей къеуалIэри абы ихьауэ щытащ. Ди адэр псэуащ илъэсищэкIэ, сщIэжыркъым зэ нэхъ мыхъуми ар сымаджэщым щIэхуауэ.

Зэуэзэпсэу дапхъуэтащ ди адэр судыншэу - илъэс 15 тралъхьэри, Сыбыр яшащ. Сыт щыгъуи фIы ищIэну хэт, гущIэгъушхуэ зыхэлъ ди адэр Алыхьталэм фIыуэ илъэгъуауэ къыщIэкIынут. И насып къикIри, илъэситхукIэ щысауэ къаутIыпщыжащ. Абы иужькIи лей кIэлъызэрахьэну хэтащ ди адэм.

Зы гъэ гуэрым лэжьыгъэм къыпэкIуэу гуэдз хъарзынэ къыдатат. Колхозым сэным щIадзэри, жылапхъэу яIэр яхурикъуакъым, лэжьыгъэр къызэтеувыIащ. «Уэ нэхърэ нэхъыбэ зылъыса къуажэм дэскъым, узрикъунур къэгъани, адрейр щIыхуэу къыдэт, комбайным япэ къыщIиIукIыр къыпхуедгъэшэжынщ», - жиIэри къелъэIуащ колхоз председателыр ди адэм. Яритащ, псалъэ къыхимыгъэкIыу.

Гуэдзыр хасэ, зэманыр къосри Iуахыж. Ди адэр поплъэри-поплъэ, къашэжыркъым. «Сащыгъупщэжауэ арагъэнщ», - жиIэри ди адэр правленэм кIуащ.

- Трудодень къытлъысар тхуримыкъункIэ сошынэ, щIыхуэу фэста гуэдз тIэкIур къызэфтыжамэ арат, - жиIэри председателым зыхуигъэзащ.

Председателыр абы къеплъри и нэр мыхуадэу жиIащ: «Сыт щIыхуэ, сыт гуэдз жыхуэпIэр? Хэт уэ щIыхуэ къыпIызыхар? Зыри хэсщIыкIыркъым». Апхуэдэ жэуапым иужькIэ ди адэм зыхуэIыгъыжакъым, председателым напи Iупи къыхуимыгъанэу щIиукIыхьри къэкIуэжащ.

Ди анэм хъыбар мыхъумыщIэр къыщищIэм, абы и кIэр фIыкIэ зэримыухынур и псэм ищIам хуэдэу, ди адэм жриIащ: «Си лъэпкъыр зыдэс Ислъэмей къуажэм дыгъэIэпхъуэ, армыхъумэ...»

Жэуап гуэр щымыIэу жэщ хъуащ. Апхуэдэ Iуэху мыщхьэпэ унагъуэм илъу ужеинт - нэху щыху ди нэбдзыпэ зытетлъхьакъым зыми. Хэт гъыуэ, хэт гупсысэу дыщысащ псори.

Жэщыр хэкIуэтауэ, правленэм щылажьэ и ныбжьэгъу гуэр ди унэ къэкIуащ. Iэнэм здэщысым абы ди адэм къыжриIащ Iуэху мыхъумыщIэ къызэрырахьэжьар: «Председателым заявленэ итхри цIыхухэм Iэ щIригъэдзэжащ, икIэщIыпIэкIэ уагъэтIысынущ, хэкIыпIэ къыумыгъуэтмэ».

Нэхъри жэщыр хигъэкIуатэри, ди адэм шыгур зэщIищIэри, зэрыунагъуэу Ислъэмей къуажэм дыIэпхъуащ, унэр къригъэбыдэкIри.

Апхуэдэу къелащ ди адэр, аргуэру ямыгъэтIысу.

Къуажэдэсхэр гугъу ехьырт, щIыпIэ жыжьэхэм кIуэурэ щыхьэжэрти. Ди адэм жэмыхьэт мэджытым къекIуалIэ нэхъыжьыфIхэм захуигъэзэри яжриIащ: «Бахъсэныпсым къыгуэж псышхуэм мывэ щхьэл тедвгъэщIыхь, абы ди жэмыхьэтыр дрикъунущ». Зыхуеину псори къагъуэтри ящIащ щхьэлыр. Жэмыхьэтыр къелъэIури, ди адэр абы щхьэлтету ягъэуващ.

Шынэу, диныр зэи IэщIыб ищIакъым ди адэм. Сабий куэд иригъэджащ, ищIэмкIэ зэрылъэкIкIэ цIыхухэм ядэIэпыкъуащ.

СощIэж: сыцIыкIут а зэманым, школым иджыри сыщIэмытIысхьауэ. Гъэмахуэу, унэм зыри щIэмысу ди адэм щхьэлым сыздишэн хуей хъуащ. Зэи сщыгъупщэжыркъым ар. Абы укIуэн щхьэкIэ, щхьэлым пэмыжьыжьэу щыпсэу Абрэдж Хьэсэнбийхэ я унэм ублэкIын хуейт. Абы я хьэр дыгъужь пэлъытэт, бзаджэ къудеймэ уи насыпт, зыгуэр къуимыщIауэ мы дунейм теттэкъым узэрыIэщIэкIын. Шыгу, шыдыгу уисми, шынагъуэт. Сыт хуэдиз школакIуэ абы уIэгъэ ищIат - пхужыIэнкъым. Мис ар сщIэжырт, дызэрылъэсынури абы хэтыжти, зыкъистIащ сымыкIуэну. Iуэхур зытетыр ди адэм щыжесIэм къыпыгуфIыкIри жиIащ: «Ущымышынэ абыхэ я хьэм, сэ узигъусэу». КъызгурыIуакъым, къысхуэщIакъым зыщыгугъыр ди адэр. СымыкIуэуи идакъым. Сытми, дежьащ, баш гуэри къимыщтэу нэхущым щхьэлым дыкIуэну. «Сыту пIэрэ зыщыгугъыр мы ди адэр?» - си щхьэ сыхуэпсэлъэжу.

Хьэр зей унагъуэм дынэсыным куэд иIэу, дызэрыкIуэр мэкIэ къищIа, хьэ банэ макъышхуэ къэIуащ. Си гур пыкIэзызыкIри ещэтэхащ, уеблэмэ, къызэрызэдзакъэр слъагъункъым, жысIэри си нэхэри суфIыцIат, ауэ сышынэжри, занщIэуи къэзгъэплъэжащ. Нэхъ гъунэгъу дыхуэхъурэ сыплъэмэ, солъагъу гъуэгукум илъ «дыгъужьыжьыр». Ар къэтэджщ, мыбэнэжу щIыр и лъакъуэжьымкIэ тIэкIурэ кърихъуэри, щыму етIысэхыжащ. Дыщыхуэблэгъапэм, хьэр къыщызэмыдзэкъэну къэслъытэ лъэныкъуэмкIэ псынщIэу сежэкIри, ди адэм зыкIэрызукIащ. Ауэ дэнэт ар къыщысхуидэр: «Умыгузавэ уэ, сэ узигъусэу абы «хьэп» къызэрыбжимыIэнур бжесIатэкъэ», - жиIэри хьэр здэщыIэ дыдэмкIэ сришэкIыжащ. СыщIэпхъуэмэ, жыжьэ сызэрынимыгъэсынур къызгурыIуэ пэтми, Лалэ (ди адэм псори дызэреджэр арат) зыкъыIэщIэзудыну соныкъуакъуэ.

Хьэм сыIэщIэкIуэдэну фIэкIа къысщыхъуркъыми, сокIэзыз, си нэпсым къызэпижыхьащ, щхьэлыр жыжьэ хъуащ. Абы нэхъейуэ хьэм нэхъри гъунэгъу зыхуещI ди адэм. Къыдоплъ ямылъагъужыныжьыр, и нэ плъыжьыжьхэмкIэ и жьафэр щIэуджыхьу кIэзызу.

ЗгъэщIэгъуэпар «Зэран умыхъуу дыхьэ пщIантIэм», - жиIэу хьэм бгъэдыхьэу и щхьэм зэрытеуIуаращ. Ар нобэ хуэдэу фIыуэ сощIэж.

«Алыхьым и шыкурщ, псэууэ дыкъэсащ. Си Iуэхущ сэ уэ абы иужькIэ мыбы сыкъапшэм», - жызоIэ сигукIэ, сыкъэгуфIэжауэ.

Щхьэлым дызэрынэсу, слъэгъуар си фIэщ мыхъуу, Лалэ сеупщIащ: «Сыт хьэм къыщыщIар? Си гугъащ псэууэ дыIэщIэмыкIыну». ЗэкIэ зыри жимыIа щхьэкIэ, щызмыгъэпсэуххэм жиIащ: «Хьэпэщыпхэ сщIауэ аращ, дяпэкIэ сэ узигъусэмэ, лIы хуэдэу ныблэкI, умышынэу».

А зэманым дыгъужьхэр апхуэдизкIэ бэгъуат, ирагъэлейрти, къуажэм къыдыхьэурэ Iэщ щхьэрыуахэр яшхырт. Зыкъым, тIукъым зи Iэщ кIуэдауэ къыхуэкIуэу Лалэ хьэпэщыпхэ яхуищIу къригъэлахэр. Къыщыхъу щыIэт жэщым Лалэ къыщагъэтэджыж. ДэмыIэпыкъууи зы цIыху щхьэхынагъэкIэ IуигъэкIыжыртэкъым. Ахъшэ къыхуагъэлъагъуэми, абы дихьэхыу, цIыхухэм зэран яхуэхъун хьэпэщыпхэ зэи ищIакъым.

Абыхэм я зэкъуэтэкъым цIыхухэм сэбэп зэрахуэхъур. ПщIэншэу яхуищIырт уанэхэр, хомутхэр, шы тепхъуэхэр, джэрыщIэхэр, бгъэрыщIэхэр, нэгъуэщI Iэпслъэпсхэр.

Нэхъ иужьыIуэхэм Ислъэмей къуажэм я ефэндыуэ щытащ ди адэр. Псапэ зыщIэу, IуэхуфI зылэжьу дунейм тета цIыхухэр жэнэтым кIуэуэ жаIэри, Алыхьталэм ар ди адэм къыхуищIауэ къыщIигъэкI».

Зыгъэхьэзырар
ЖЫЛАСЭ Маритэщ.

ЗэпыщIэныгъэхэр ягъэбыдэ

«FoodExpo Qazaqstan» фIэщыгъэр зэрихьэу Азие Курытым и 27-нэ дунейпсо выставкэ Къэзахъстаным и Алматы къалэм и «Атакент» гъэлъэгъуэныгъэ комплексым иджыблагъэ щекIуэкIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и экспортерхэр абы хэтащ, къэрал дэIэпыкъуныгъэхэм я фIыгъэкIэ пщIэ щIамыту.

И ЗЭФIЭКIХЭР Алматы щигъэлъэгъуащ «Эльбрус-К» фабрикэм икIи утыку кърихьащ IэфIыкIэ лIэужьыгъуэу 170-м щIигъу. «Пастилушка» IуэхущIапIэми хьэщIэхэм яригъэцIыхуащ мэрээей лIэужьыгъуэ къыщIигъэкIхэр. «MILI MG WATER» фIэщыгъэр зезыхьэ уней IуэхущIапIэм, нарзаныпс щрагъэхъуэм и унафэщI Жэбалы Рустам и продукцэхэри абы щигъэлъэгъуащ.

Къыхэдгъэщынщи, «FoodExpo Qazakhstan» гъэлъэгъуэныгъэр Азием щрагъэкIуэкI нэхъ инхэм хохьэ икIи илъэс къэс къэрал куэдым я экспортерхэм я продукцэхэр, обрудованэщIэхэр, иджырей технологиехэр абы къэрашалIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и экспортерхэм Iэмал яIащ розницэ, опт сату щIыпIэхэм, ерыскъыхэкIхэр щащэ тыкуэн инхэм я лIыкIуэхэм яхуэзэну, зэрызэдэлэжьэну щIыкIэхэм тепсэлъыхьыну, зэпыщIэныгъэхэр ягъэбыдэну.

«Хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ дэIыгъыным хуэунэтIауэ лажьэ къэрал программэхэм я фIыгъэкIэ ди хьэрычэтыщIэхэр урысейпсо, дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэшхуэхэм хэтыфщ. Зэгъусэу абыхэм ягъэув стендым Къэбэрдей-Балъкъэрым и брендыр къэцIыхугъуафIэ ищI къудейм и мызакъуэу, республикэм ерыскъыхэкIхэмкIэ и зэфIэкIыр щагъэлъагъуэ, ди продукцэхэр нэхъ хэIущIыIу мэхъу», - жиIащ КъБР-м Экспортыр дэIыгъынымкIэ и центрым и унафэщI Абыдэ Хьадижэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэр дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэм хэтащ «Дунейпсо кооперацэмрэ экспортымрэ», «Зэхьэзэхуэр зи лъабжьэ экономикэ» лъэпкъ пэхуэщIэхэм япкъ иткIэ, КъБР-м Экспортыр дэIыгъынымкIэ и центрымрэ КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэмрэ къадэIэпыкъуу.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Къалэнышхуэ ягъэзащIэ

Уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм унэтIыныгъэ хэхамкIэ и къудамэхэм я лэжьакIуэм и махуэм теухуа зэхыхьэ гуапэхэр щекIуэкIащ «Вулкан» ОСН-м.

АБЫХЭМ хэтащ Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщIхэр, къулыкъущIэхэмрэ ветеранхэмрэ, КъБР-м щыIэ Урысей гвардием и «Эльбрус», «Вершина» гуп хэхахэм я лэжьакIуэхэр, кадет школ-интернат №1-м, Налшык школ-интернат №1-м щеджэхэр, апхуэдэу спецназым хэтхэм я унагъуэхэм ящыщхэр.

Iуэху гуапэр къызэIуихащ Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Демидов Александр. Къэрал кIуэцI къулыкъум и полковникым къыхигъэщащ а къудамэм уголовно-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм увыпIэ хэха зэрыщиIыгъыр, Хэхауэ фIыщIэ яхуиIащ жылагъуэ хабзэр къызэгъэпэщыным уасэншэ хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа спецназым и ветеранхэм.

Я къалэнхэр хьэлэлу зэрагъэзащIэм папщIэ Демидов Александр щIыхь тхылъхэр яритащ лэжьыгъэм къыщыхэжаныкIахэм. УнафIэщым гулъытэншэу къигъэнакъым ОСН-м и лэжьакIуэхэм я адэ-анэхэр икIи офицер нэсхэр зэрагъэсам папщIэ фIыщIэ тхылъхэр яIэщIилъхащ.

Зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда я лэжьэгъухэм я фэеплъым пщIэ хуащIу, дакъикъэкIэ щымащ зэIущIэм хэт хабзэхъумэхэр

Махуэшхуэ зэIущIэм и курых хъуат утыкум щагъэлъэгъуахэр. «Вулкан»-м хэтхэм къызэхуэсахэм ирагъэлъэгъуащ Iэпщэрыбанэ зауэм и Iэмалхэр, гъэрыпIэм къинахэр хуит къызэращIыж щIыкIэр, тезырыр щагъэзэкIуэж IуэхущIапIэхэм къыщыхъу хьэлэбэлыкъхэр зэрагъэкIуэдыжыр, Iэщэр зэрагъэIурыщIэр.

Балигъ мыхъуахэм махуэшхуэ Iэнэ къыхузэрагъэпэщащ Iуэхум и кIэухыу. Абыхэм КъБР-м щыIэ УФСИН-м и спецназ къудамэм и офицерхэм ящIыгъуу сурэт зытрагъэхащ.

Зыгъэхьэзырар
УАРДЭ Жантинэщ.

Щхьэлыкъуэ щыщщ IэпщIэлъапщIэр

«Гранд-Кавказ» хьэщIэщым щагъэлъагъуэ «На память» зи фIэщыгъэ, Къэрал Эрмитажым и щIэныгъэ лабораторэм и художник-реставратор ПIаз Елизаветэ и IэдакъэщIэкIхэр.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

ЕЛИЗАВЕТЭ Къэбэрдей-Балъкъэрым и зы плIанэпи къигъэнакъым, щалъхуа Щхьэлыкъуэ къуажэри хэту, и лэжьыгъэм къызэщIримыгъэубыда. ЩIыналъэм и щIыуэпсым и дахагъэр, щысабийм илъэгъуа, иджы кIуэдыжа языныкъуэ фэеплъ щIыпIэхэри и IэдакъэщIэкIхэм къатощ. ПIазым сурэт щищIыр зэзэмызэщ, нэхъыбэу художник-реставратор IэнатIэм зэрыпэрытым къыхэкIыу.

- Художественнэ лэжьыгъэр зэбгъэпэщыжу пхъумэныр жэуаплыныгъэ ин зыпылъ Iуэхущ. Абы гугъуехьхэр пылъми, къызэрымыкIуэу гъэщIэгъуэнщ. Зэпымыууэ щIэ гуэрым, ухуоджэ, узыщымыгъуазэ къыбощIэ, дэтхэнэ зы хьэпшыпми щIэныгъэ, бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къыхуэгъуэтын хуейщи. Пхъэбгъухэм тет, XVII лIэщIыгъуэм ящIа сурэтхэр зэгъэпэщыжыныр япэу зызэспщыта лэжьыгъэр. УнэлъащIэхэр зэгъэпэщыжынымкIэ лабораторэм сыдэлажьэурэ, ахэр зыхуей хуэзэгъэзэжащ. Сызэлэжьам хэтт XIX лIэщIыгъуэм и кIэхэм псэуа бзылъхугъэм и сурэт. Ар гугъу пщызыщIыр абы нэхъапэм иIа теплъэр къызытепщIыкIыжын сурэт зэрамыхъумарт. Реставраторым хуитыныгъэ иIэкъым и щхьэзыфIэфIагъкIэ лэжьыгъэм щIэ гуэр хилъхьэну. Езы сурэтым къызитащ сызрикIуэну «гъуэгур». Хъумыхъуми зы кIапэлъапэ гуэрхэр хъума хъуат, зэманым жьы ищIами. Ар иужькIэ щагъэлъэгъуат урыс импрессионизмымкIэ Москва щыIэ музейм.

Зэрысабийрэ сурэт щIыным дихьэх Елизаветэ IэщIагъэр и унагъуэм къыдаIыгъыурэ трагъэгушхуащ. Налшык къалэм и Художественнэ школым щеджащ. И щIэныгъэм щыпищащ Къэрал педагогикэ университет Герценым и цIэр зезыхьэм сурэтыщI гъуазджэхэмкIэ и факультетым. Зэреджэм хуэдэурэ, академием щыхуагъэхьэзыр курсхэри къиухащ. Санкт-Петербург и Художественнэ академием живописымкIэ и факультет Репиным и цIэр зезыхьэр 2022 гъэм щIэсащ.

- Академием сыщIэтIысхьэныр си хъуэпсапIэт, ар уи щIэныгъэм зэрыхэбгъэхъуэну IэмалыфIти. Пэжщ, абы ущIэтIысхьэнуи ущеджэнуи тынштэкъым. Гъуазджэм и теориемрэ тхыдэмрэкIэ факультетым и магистратурэр къэзухащ. УзыщыгуфIыкIынщ ди къэралым и къалэ нэхъ дахэм щыIэ еджапIэм нэхъапэм иIа теплъэр зэрахъумар. Художественнэмкlэ академиер къэзыуха художник МгъуэлI Заудин сызэрыдэлэжьам и фIыгъэкIэ, IэщIагъэм и щэхухэм зыхэзгъэгъуэзащ, - жеIэ ПIазым. - Мазищ къэс утыкум щыдогъэлъагъуэ къыдэхъулIауэ къэтлъытэ лэжьыгъэхэр. Блыным фIэлъ сурэтхэр щыплъагъукIэ, гурыIуэгъуэ пщохъу хэбгъэхъуамрэ зэрызыбужьамрэ.

ГъуазджэхэмкIэ школым щыщеджэм Елизаветэ и зэфIэкI щеплъыжащ Лермонтовым теухуауэ екIуэкI зэпеуэм. «Демон» поэмэм хуищIа графикэ лэжьыгъэр хагъэхьат абы. Тхыгъэм и гупсысэ нэхъыщхьэр сурэткIэ къигъэлъэгъуэжынырт и къалэныр. ИужькIэ графикэми хуеджащ. Уигу ибубыда гуэр - дахагъэр, щIыуэпсым и къулеигъэр - тхылъымпIэмкIэ цIыхухэм я деж нэпхъэсыныр IэмалыфIу къелъытэ ПIазым.

ТЕКIУЖЬ Зарэтэ.

Псынабэдэсхэм я иджырей дерсхэр

«Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестиваль-зэпеуэм къыпызыщэ зэIущIэр щекIуэкIыр Аруан куейм хыхьэ Псынабэ къуажэрат. Зэхьэзэхуэм и къэпщытакIуэ гупымрэ ирагъэблэгъа хьэщIэ лъапIэхэмрэ жылэ дэлъэдапIэм деж къащыIущIащ адыгэ фащэкIэ зэщыхуэпыкIа шууейхэмрэ пшынауэ бэрэбэнауэхэр зэрыс шыгу зэщIэщIамрэ. Ахэр япэ иту къуажэ зэгъэпэщам и уэрам нэхъыщхьэм тет курыт еджапIэм ирашэлIащ хьэщIэхэр.

• Си бзэ - си псэ, си дуней

ЗЭПЕУЭ жыпхъэм икIыу гуфIэгъуэ махуэшхуэм хуэкIуа Iуэхум хуагъэхьэзырат школ пщIантIэр. Адыгэ нып абрагъуэр зи щIыбагъ къыдэт нэхъыжьыфI ХьэбытIэжь Хьэбас, Псынабэ щIэблэм ядэлажьэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, джэгуакIуэ ахъырзэман ЦIыпIынэ Идар, фащэр къызыщыпс адыгэ щIалэ, абы зыкъыкIэрызымыгъэху тырку щIалэщIэ - ахэр фIэхъус сэламкIэ къыпежьащ хьэщIэхэм, фадэбжьэри тхьэмадэм къыхуашиящ.

Псынабэ курыт еджапIэм еблэгъат КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор, министерствэм и IуэхущIапIэу егъэджакIуэхэм я IэщIагъэм и фIагъым щыхагъахъуэ центрым и унафэщI Къэжэр Артур, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, КъАХ-м и Нэхъыжьхэм я советым и унафэщI Къэзан Сетхьэлий, Аруан район Хасэм и тхьэмадэ КъущхьэтIу Хьэутий, Европэм щыIэ Кавказ Хасэхэм я федерацэм и тхьэмадэ Вэрокъуэ Затий, КъБКъУ-м щезыгъаджэ УнэлIокъуэ Вячеслав, Аруан район администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Мер Рустам, Аруан районым егъэджэныгъэмкIэ и IуэхущIапIэм и унафэщI Жьанэ Заурбэч, Нарткъалэ дэт лицей №1-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ, къэбэрдей-шэрджэсыбзэмкIэ егъэджакIуэхэм я щIыналъэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Хъуэст ФатIимэт, Псынабэ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Балъкъэр Хьэжмурат, сымэ, егъэджакIуэхэр, IэщIагъэлIхэр зыхэт къэпщытакIуэ гупыр.

ПщIантIэм абыхэм къащыпэплъэрт фащэ зыщыгъ къэфакIуэхэр, адыгэ тхыпхъэщIыпхъэхэр зытет школ фащэ (еджапIэ псоми апхуэдэ хабзэ къыщащтамэ сыт хъунт!) зыщыгъ школакIуэхэр, дыжьын бгъэIулъкIэ зи фэилъхьэгъуэр зыгъэдэха егъэджакIуэхэр. Адыгэ ныпабрагъуэм и лъабжьэм щIэтт зи лъэпкъ дамыгъэхэр зыIыгъ ныбжьыщIэхэр. Къафэ, уэрэд, фIэхъус псалъэхэр щыжаIэ утыкум и ижьырабгъумкIэ адыгэ лъэпкъ пщIантIэр къыщолъагъуэ, бжыхьэ гъавэкIэ бейрэ берычэтыр дэзу, хьэщIэщым щIэтщ махуэшхуэм хуагъэхьэзыра хьэлыуэр, джэдыкIэрыпщыр, унэлъащIэ зэгъэпэщахэр. Куэбжэ дыхьэпIэм нэхъ пэгъунэгъуу ягъэува шэтырым адэ-анэхэр щопщафIэ, лэкъум пIырыпIыр тхъуэплъу къыхахыжри, Iэнэм къытралъхьэ, къэмэжэлIахэм ирагъэшхыну. ЖыпIэнуракъэ, адыгэмэ къызыдих школ пщIантIэм и дэтхэнэ къуэгъэнапIэри, хьэпшып, Iуэху, цIыху щхьэпэкIэ гъэнщIат, дэнэкIи къыщыщIидзыурэ адыгэм и шыфэлIыфэм, и IуэрыIуатэм, и хабзэ зехьэкIэм, джэгукIэхэм, нэгъуэщI куэдми яхутепсэлъыхьырт ЦIыпIынэ Идар. ЕджапIэм и унафэщI Теувэ Иринэ и фIэхъус псалъэм иужь утыку къихьащ «Псынабэ» къэфакIуэ гупыр, Ажэгъафэми и къалэн игъэзащIэу адыгэ ныпцIыкIухэр хуарзэу зыIыгъ ныбжьыщIэхэм яхэлъадэурэ игъэгушхуэрт, нэхъ цIыкIухэр усэ къеджэрт.

Iуэху пщIыр Iуэху мэхъу жыхуаIэрати, апхуэдэ егъэблэгъэкIэм къыкIэлъыкIуа Iуэху щIэкIэри купщIафIэт, екIут, хэIэтыкIат. Псынабэ курыт еджапIэр иджыблагъэ зэрагъэпэщыжащ, унэщIи къыпащIыхьащи, и пэшхэр хуитщ, и кIэлындорхэм ущызэкIэщIоплъ, унэлъащIэу классхэм щIэтхэр щIэрыпсщ. А псор махуэшхуэм хуагъэхьэзыращи, лъэбакъуэ къэс псалъэ Iущхэр фIэлъщ, бжэ къэс адыгэ псалъэжь фIэдзащ, плIанэпэ къэс Iуэхугъуэ гуэрым трагъэпсыхьащи, сабийхэм зэрызыкъыщагъэлъэгъуэнур нэрылъагъущ. КъэпщытакIуэ гупыр нэхъ гъунэгъуу зэригъэцIыхури, махуэр зэрекIуэкIыну щIыкIэмрэ ятыну дерсхэмрэ кIэщIу дыщигъэгъуэза нэужь, еджапIэм и унафэщI Теувэ Иринэ дришэжьащ, етIуанэ къатым щекIуэкI урокым дишэну. Ауэ дэкIуеипIэм дызыщрихьэлIар дызыпэмыплъат. Министрыр зи пашэ гупыр къыфIэмыIуэхуххэу къызэтригъэувыIэри, уд фызыжь жьэрыIэзэм къытхуигъэуващ: «Фи мыгугъэ апхуэдэу тыншу фысIэщIэкIыну, дэ ди школыр щIэныгъэм и къигъэхъуапIэщ, акъылым и хэщIапIэщ, фэ фыкъыщыкIуакIэ куэдым хэфщIыкI хъунщи, фызгъэунэхунущ, си упщIэхэм жэуап къефтынущ». Уд фызыжьым и упщIэхэр къатщIэм, саугъэт къыдитым, емызэшыжу и матэм иIэбэурэ и «упщIэхэр» кърихым, къатщIэм, саугъэт къыдитурэ ШэкIыхьэщIэ Заирэ и классым дынэсащ.

4-нэ классым щIэс ныбжьыщIэ цIыкIухэр нэжэгужэу пэплъэрт дерсым. Ар зытеухуар омонимхэрати, Заирэ Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр къигъэсэбэпкIэрэ, егъэджакIуэхэр темызэшэн хуэдэу гъэщIэгъуэну иригъэкIуэкIащ и дерсыр. Я тхыкIэкIэ зэщхьу, ауэ я мыхьэнэкIэ зэтемыхуэу бзэм хэт псалъэхэр къаригъэпщытащ, доскам къыфIидза сурэтхэм иту ялъагъухэр жаригъэIэри, я мыхьэнэхэр зэпкърахащ, а псом «омонимкIэ» зэреджэр къагуригъаIуэри, езы цIыкIухэр игъэлэжьащ. Ешауэ пIэрэ щыжиIэм, къигъэтэджри, джэгукIэ щIыкIэм тету я Iэпкълъэпкъым зригъэукъуэдиящ. Дерсым и кIэухым игъэгушхуэу псоми яхуигуэшащ медаль щIыкIэу яхуигъэхьэзыра саугъэтхэр.

Псынабэ школым адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ и гъусэу адыгэ хабзэм, IуэрыIуатэм, тхыдэм, щэнхабзэм теухуа щIэныгъэрэ гъэсэныгъэмрэ цIыкIухэм зэрыщратыр нэрылъагъут кIэлындорхэм щекIуэкI IуэхухэмкIэ. Чы бжыхькIэ къэхухьа щIыпIэм щыгъэува тетIысхьэпIэм «Жэбагъы тесщ». Мэкъуауэ къикIыж щIалитIыр абы щIэупщIэну къоувыIэри, псалъэмакъым хэту Жэбагъы и IущыгъэхэмкIэ къадогуашэ, бзылъхугъэ блэкIым къыхуотэджри, ар нэхъыщIэми, цIыхубзщи, пщIэ хуэщIын зэрыхуейр къажреIэ. Абдежми, къуажэхьхэр щыкуэдти, а махуэм жэуап зытыр еджакIуэхэм я закъуэтэкъым, атIэ къэпщытакIуэ гупри жыджэру гъэсэныгъэ-егъэджэныгъэ лэжьыгъэм хашащ цIыкIухэм.

АдэкIэ дыздрагъэблэгъа пэшыр адыгэ унэ лъапсэм хуэщIат. Адыгэ унагъуэм хьэгъуэлIыгъуэ щекIуэкIыу арати, я Iэнэр берычэтт, я гъавэр лъэныкъуэкIэ щызэтелът, уеблэмэ джэд псэу нэгъунэ матэм ису щIэтт. Абдежым нэхъыщIэ классым щIэс цIыкIухэм щагъэлъэгъуащ хьэгъуэлIыгъуэ дауэдапщэхэм ящыщу нысащIэм зэрытехьэмрэ щауэр унэ зэрырашэжымрэ. ЖыпIэнуракъэ, пщащэхэри щIалэхэри хьарзынэу утыку итащ, я адыгэбзэ кулейхэмкIэ хъуэхъухэр, хъуэрыбзэхэр, гушыIэр къажьэдэлъэлъу, фащэхэр яхуэфIыпсу ящыгъыу.

КъыкIэлъыкIуэ Iуэхуу къэпщытакIуэхэр зрихьэ-лIар ижьыжь лъандэрэ адыгэм къыдекIуэкI зы хабзэ дахэт - щIопщакIуэрт. БлэкIамрэ нобэмрэ зэпызыщIэ теплъэгъуэм кърагъэблэгъат Псынабэ курыт еджапIэр къэзыухауэ дзэ Iуэху хэхам щыIэ щIалэщIэр. Зауэм уIэгъэ щыхъуа сэлэтыр трагъэуну, щIэупщIэну къызэхуэсат нэхъыжь классым щеджэ щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ. Абдежым щыжаIащ а школыр къэзуха Ерокъуэ Андемыркъан зауэм зэрыхэкIуэдар икIи дакъикъэкIэ хуэщыгъуащ. Теплъэгъуэ ягъэхьэзырар купщIафIэ, бей ищIырт ныбжьыщIэхэм къажьэдэлъэлъ псалъэжьхэм, псынщIэрыпсалъэхэм, псалъэ шэрыуэхэм, хъуэхъухэм, хъуэрхэм, гушыIэхэм. Адыгэбзэр шэрыуэу зэрагъэбзэрабзэр, хабзэм фIыуэ зэрыхащIыкIыр, лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр зэрахъумэр, сыт хуэдэ утыку ихьэми къызыхэкIар ягъэлъапIэу зэритыфынур нэрылъагъуу щIопщакIуэр ирагъэкIуэкIащ школакIуэхэм. А Iуэхур нэхъ нэжэгужэ ищIащ сабий садым кърашa цIыкIухэм. Абыхэм усэхэр, уэрэдхэр жаIащ, джэгуащ, сымаджэр трагъэуащ. ЩIопщакIуэ зыхуащIар ягъэзэшакъым а сыхьэт ныкъуэм къриубыдэу, щIалэхэр IэпщэзэпекъукIэ зэпеуащ, къуажэм дэс лъэпкъхэр (адыгэхэр, урысхэр, тыркухэр, балъкъэрхэр) зэрызэрыIыгъыр, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу зэрыпсэур къагъэлъагъуэу, лъэпкъ къафэ зэмылIэужьыгъуэхэр ягъэзэщIащ, щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ къуажэхькIэ зэхьэзэхуащ.

А псом кIэлъыплъа хьэщIэхэмрэ къэпщытакIуэхэмрэ ягу хэхъуащ, шэч хэмылъу, икIи жаIащ къуажэдэс ныбжьыщIэхэм я бзэм и шэрыуагъри, егъэджакIуэхэм я лэжьыгъэм къыпэкIуэ хъерри а махуэм нэрылъагъу зэрыхъуар. Псалъэ гуапэкIэ егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ зыхуагъэзащ УнэлIокъуэ Вячеслав, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Вэрокъуэ Затий сымэ.

Iуэхум къыпащэу адэкIэ дыздэкIуатэм, Мэлычыпхъу Iущыцэм дрихьэлIащ. КъыбжиIэн и куэдкъэ IуэрыIуатэм къыхэщыж пщащэ губзыгъэм. Абы и бзэм и дахагъымрэ и акъылым и жанагъымрэ ягъэщIагъуэу балигъхэр щежьэжым, адыгэ шхыныгъуэхэмкIэ узэдыIуа Iэнэм Iууащ. Адыгэ фащэр зэкIужу зыщыгъ пщащэ цIыкIум къыджиIащ Iэнэм телъ ерыскъыхэр зэрапщэфIымрэ халъхьэхэмрэ. ИгъащIэми къэуат зыщIэлъ ерыскъыкIэ адыгэр зэрыбейр мыбдежми щынэрылъагъут, Iэнэм телът лы гъэварэ лэпсрэ, пIастэ, щIакхъуэзэтеупIэщIыкI, къэб гъэварэ шэрэ, мэлыкуэ гъэжьамрэ хадэхэкIхэмрэ, жэрумэрэ бжьыныху шыпсрэ, кIэртIоф жьэрыкуей, тхьэмщIыгъуныбэ, къаз гъэварэ хьэлIамэ цIыртIрэ, кхъуейжьапхъэ, жэмыкуэ, джэш лыбжьэ, махъсымэ, лы гъэгъуа пIастэм тегъэуауэ, тхъурыжь, хьэлыуэ, зэкIэрыс, кхъуей плъыжь, кхъуей цIынэ, джэд лыбжьэ, лэкъум, джэд гъэва, дэлэн, шху, мэжаджэ, нэгъуэщIхэри.

ЩIэныгъэм, гъэсэныгъэм къыдэкIуэу, цIыкIухэр IэпэIэсагъми щыдрагъэхьэх школым. НыбжьыщIэхэм я IэдакъэщIэкIхэмкIэ еджапIэр узэдат жыпIэмэ, ущымыуэну пщIы бжыгъэкIэ къегъэзувэкIат Iуэхугъуэ, гъэм и зэман хэхахэм, теплъэгъуэ гуэрхэм теухуауэ школакIуэхэм ящIахэр. Дэтхэнэри дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэм и утыку ипхьэ хъуну апхуэдэт.

Гъэлъэгъуэныгъэм иджыри зы плIанэпэ хухэхат, ар адыгэ цIыхухъу, цIыхубз фащэхэм трауxуати, еджакIуэхэм къыджаIэжащ абыхэм я къежьапIэ хъуар, къакIуа гъуэгуанэр, адыгэ фащэм и зэхэлъыкIэмрэ нобэрей махуэм къызэрысамрэ. Ар зыщыгъым игъэзэщIэн хуей къалэнхэмрэ фащэм хуэфащэу щытын зэрыхуеймрэ жаIащ. Хуабжьу плIанэпэ къулейт зи гугъу сщIы Iуэхур щекIуэкIыр. СэмэгурабгъумкIэ фIэлъщ Псынабэ къуажэм щыщу Хэку зауэшхуэм хэтахэм я сурэт- хэр, ижьырабгъумкIэ - дзэ Iуэху хэхам лIыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэу щыIэ къуажэдэс щIалэхэр. IуплъапIэм щегъэувэкIащ жылэм дэс лъэпкъхэм я дамыгъэхэр зытет адыгэ нып щхъуантIэхэр. Сыту гухэхъуэт школыщIэм мыхьэнэ иIэу ягъэпса и дэтхэнэ зы къуэгъэнапIэри!

Апхуэдэ зы щIыпIэ деж бгъэнышхьэ унэм щызэхэсщ япэ дыдэу къуажэм къыдэтIысхьа унагъуэхэм я тхьэмадэхэр. Абдежым пщащэ щIыкIафIэр щытепсэлъыхьым Псынабэм и тхыдэм. Нобэ зыхуей хуэзэу зэрыпсэур уи нэгу къыщIигъэувэу бжьыхьэ хъугъуэфIыгъуэхэр зыдэлъ жьэгуми уIуоплъэ.

КъэпщытакIуэ гупыр зрикIуэ пэIущIэм ныбжьыщIэхэм щыхадыкI, сурэт щащI. КъызэрыщIэкIымкIэ, школым абы и ныбжьыщIэхэм щадолажьэ. А цIыкIухэм я IэдакъэщIэкIхэр дагъэлъэгъуащ, щхьэж дэзыхьэх елъытакIэ гупжьейхэм зэрыкIуэр къыджаIащ.

Актер Iэзагъ ядэплъагъуу ныбжьыщIэхэм ягъэлъэгъуащ Бэдынокъуэ адыгэхэм яхэлъа хабзэ мыщхьэпэр зэригъэкIуэдыжар, и адэр жьы хъуа нэужь, бгым щимыдзу бгъуэнщIагъым зэрыщигъэпщкIуар. А Iуэхур щекIуэкIа щIыпIэм деж, адыгэ хьэблэ укъыдэхута хуэдэ, пщащэхэм тхьэвыр яху, лэкъум хадзэну, щIалэм мэлыкуэ гъэгъуар жьэгу мафIэм пэрысу егъажьэ, шырыкъущIэми вакъэ ед, хэт сабийр гущэм хепхэ, хэти шыгун шыуанкIэ пIастэ ещI. Телъыджэщ! Адыгэм и щыIэкIэ-псэукIэр, и дуней щIэращIэр уи нэгу къыщIэзыгъэувэщ.

Псынабэ къыщIэхъуэ щIэблэм щапхъэ зытрах нэхъыжьыфIхэр яIэщ, абыхэм я гъащIэм, я лэжьыгъэм теухуа плIанэпэм еджакIуэхэм къыщаIуэтащ я къекIуэкIыкIамрэ я IэдакъэщIэкIхэр зыхуэдамрэ. Апхуэдэуи ди лъэпкъыцIэр дунейпсо утыку щызыгъэIуа, хэхэс адыгэхэм къахэкIа цIыху цIэрыIуэхэм я сурэтхэр, тхылъхэр, дэфтэрхэр зытелъ дапхъэм деж адыгэбзэкIэ, инджылызыбзэкIэ щытепсэлъыхьащ хамэ къэралхэм щикъухьа ди лъэпкъэгъухэм.

Апхуэдиз хъугъуэфIыгъуэр щызэхуэхьэса кIэлындорым нэмыщI, 5-нэ классым Индэрокъуэ Рим-мэ щригъэкIуэкIа «IуэрыIуатэ - ди къежьапIэ» мастер-классри щIэныгъэкIэ, Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ кулейт. ЕджакIуэ цIыкIухэр екIуэкIыну Iуэхум хишэри, IуэрыIуатэр зэрызэхэлъ Iыхьэхэр къаригъэщIэжащ. А псоми фIы дыдэу хащIыкIыу къыщекIащ Риммэ и еджакIуэхэм, ахэр гупитIу игуэшу зэпригъэуэн щIидза нэужь, ди бзэм и къулеягъымрэ ди литературэм и курыхымрэ бзэ къабзэкIэ утыку кърахьащ.

ЗэIущIэм и кIэухым къэпщытакIуэхэр едэIуащ Псынабэ курыт еджапIэм щекIуэкI лэжьыгъэм теухуауэ абы и унафэщI Теувэ Иринэ жиIам.

Унагъуэм къыщежьэ лъэпкъ зэхэщIыкIымрэ бзэм хуэщIын хуей гулъытэмрэ курыт еджапIэр зэрелIалIэр ди нэгу щIэкIащ а махуэм. ЕджапIэм и гуп зэкъуэтым зэфIэкIышхуэ зэриIэр ныбжьыщIэхэм я акъылым и жанагъымрэ я зэфIэкIымкIэ наIуэ къащIащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ, *АР-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я журналист.*

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленином и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.293
Заказыр №2481
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Марие** *(1, 3-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.**
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.